ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАУЛЫ ТӘЛИМ МИНИСТРЛИГИ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

МАГИСТРАТУРА БӨЛИМИ

«Тарийх ҳәм Археология» кафедрасы

БЕКМУРАТОВА М.

# Үлкемизди архео - этно экологиялық үйрениу машқалалары

Магистрлик диссертация жўмысы

«Археология» бағдары

**Илимий басшы, т.и.д,**
**доцент:** **БАЛЛИЕВА РУЗА**

**Пикир билдириушилер:**
Тарийх илимл.докторы,
профессор: **МАМБЕТУЛЛАЕВ М.М.**
Тарийх илимл.кандидаты
доцент: **ҲАКИМНИЯЗОВ Ж.Х.**

Н ө к и с - 2012

# М а з м у н ы

КИРИСИУ

**I-БАП. ҮЛКЕМИЗДИ АРХЕО – ЭТНО ЭКОЛОГИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕУ ТАРИЙХНАМАСЫ ...**

I.1. Үлкемизди архео-этнографиялық, экологиялық изертлеулер тарийхнамасы …

**II-БАП. ҮЛКЕ ТАРИЙХЫН ИЗЕРТЛЕУДЕ ХОРЕЗМ АРХЕОЛОГИЯЛЫҚ – ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ЭКСПЕДИЦИСЫ ХЫЗМЕТИ …**

II.1. С.П.Толстовтың Хорезм археологиялық экспедицисы …

II.2. Т.А.Жданко ҳәм Хорезм оазиси халықлары этнографиясы …

**III –БАП. ХОРЕЗМ АРХЕО – ЭТНОГРАФИЯ ЭКСПЕДИЦИЯСЫ ҲӘМ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МАШҚАЛАЛАР ….**

III.1. Егислик майданларының кеңейуи ҳәм архео - этно тарийхый естеликлерди сақлау машқаласы ….

III. 2. Арал кризиси ҳәм экология ….

ЖУУМАҚЛАЎ

Пайдаланған әдебиятлар.

# КИРИСИУ

**Теманың актуаллығы**. Бизиң үлкемиз Түслик Арал бойы, Хорезм оазиси жазда қурғақ, кем жауын жауатуғын, қыста сўўық кескин континентал ықлымға ийе. Булардан басқа шол зонасы басым болып, сийрек пайдалы өсимлик қапламларына ийе. Улыума атмосфера жамғырларының кемлиги – 300 мм дейин болып, ол жыл пасыллары бойынша текис емес, буның үстине пўўланыу кушли. Әне усындай ықлымий өзгешеликлерге ийе болған үлкемиз тәбияты қолйсызлығына қарамастан археологиялық изертлеулер бойынша палеолит (ерте тас) дәуиринен баслап үлкемиз антропогенез процесслериниң бири болған. Бул ҳаққында Үстурттеги, Султан Вайс тауы, Қызыл қумда тбылған палеолит табылмалары дерек береди.

Тарийхый рауажланыу барысында: бронза, ерте темир әсиринен соң Орта Азия аймақларындағыдай үлкемиздеде қәдимги ҳәм орта әсирлерде *цивилизациялық қубылыслар раўажланып барды.* Қалалар феодаллық жәмийеттиқ сиясий, мәдений, экономикалық орайлары болды. Қалалар өзбек мәмлекетшилигиниң қәлиплесиўинде әҳмийетли орын тутады. Қала ҳәм мәмлекет түсиниги бир-бири менен тығыз байланыслы. Өзбекстандағы мәмлекетшилик ҳәм қала тарийхы терең тамырларға ийе. Қалалар тарийхы Жипек жолы тәсиринде Шығыстың көплеген еллери менен байгилес дәрежеге жетти. Соның ушында бизиң журт басшымыз -

*«Өзбек мәмлекетшилигиниң тарийхы - дейди Президентимиз И.А.Каримов - Египет, Кытай, Ҳиндистан, Юнонистан, Иран каби қадимги мамлекетлер тарийхы менен бир қатарда турады» - деп тастийқлайды.*

Хийўа қаласының 2500 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимде (20-октябрь 1997ж.) шығып сөйлеген сөзинде «Өзбек мәмлекетшилигиниң тамал таши айнан Хоразм воҳасида қуйилган» - деб тастыйықлаған (Халқ сўзи, 1997)[1]. Ҳақыйқаттанда ертедеги өзбек мәмлекетшилигине негиз

[1] Каримов И.А.Хива шахрининг 2500 йиллигига богишланган тантанали маросимдаги табрик сузи./Асарлар 6-жилд. Ташкент,1998.-375 б.

салынғанлығына 2700-3000 жыл болғанлығын тарийхы дереклер дәллийиллеп турыпты .Орта Азиядағы ертедеги Согда, Бактрия, Хорезмде қәлиплескен қалалар жасы да сол дәўирлер менен тутасады. Самарқанд 2750, Шахрисабз 2700, Хийўа, Бухара, Термез жаслары 2500 жыллық тарийхқа ийе.

Орта әсирлерден бурын Египет, Вавилонияда ерте қулшылық мәмлекетлер э.б. IV-мың жыллықта, Қытайда э.б. II-мың жыллық орталарында, Хорезмде э.б. I мың жыллық басларында Юнонистонда э.б. VII-ә қәлиплести.

Хорезмде мәмлекеттиң қәлиплескенин дәслепки жазба мағлыўматларда биз заратуштийлердың муқаддес китабында «Авесто» дан ҳәм уллы бабамыз Абу-Райхан Берунийдиң «Қадимги халықлардан қалған естелик» атлы шығармада ушратамыз.

Биз жоқарыда келтирген жазба дереклерди археологиялық мағлыуматлар тастийқлайды. Археологиялық дереклерди топлауда 1937-ж. дүзилген Хорезм археологиялық - этнографиялық экспедициясының (ХАЭЭ) хызмети үлкен. Бул экспедиция жумысы белгили археолог, этнограф, этнолог, тарийхшы С.П.Толстов (1907-1976) аты менен тығыз байланыслы. Бул уллы илимпаз дүзген Хорезм археологиялық экспедициясы жумыслары 1992-ж. дейин дауам етти. Экспедицияны (ХАЭЭ) басқарған С.П.Толстов ҳәм онын шәкиртлери Екинши дунья жүзлик урыс (1941-1945) жылларына шекем-ақ Амударьяның төменги қуяр жериндеги барлық территорияда археологиялық, этнографиялық изертлеулер объектине айналдырды. Бул изертлеулер нәтийжесинде антропогенез процесслери, цивилизациялық рауажланыу басқышларында экологиялық қублыслардың болғанын көрсетти.

Бирақ, атап өтиуимиз керек Хорезм оазиси, Амударья бойларында 1929-жылдан баслап Гөне-Ургенч ҳәм Хожели районлары Россия Академиясы Жәмийетлик пәнлер илим изертлеу (РАНИОН) экспедициясы тарепинен

илимий тийкарда изертленди.[2] 1929-жылы басланған Орта Азия тарийхый-этнографиялық изертлеўлери Шығыс халықлар тарийхы музейи тарепинен шөлкемлестирилип 1932-1934 жыллары даўам етти. 1937 - жылдан бир неше жылға дауам еткен үзилислер менен бул изертлеулер Хорезм археологиялық экспедициясы (Москва қаласы, ХАЭЭ) тәрепинен дауам етилди.

Усы жыллар даўамында бул экспедициялар тәрепинен антик дәўирден соңғы орта әсирлерге шекемги замандағы естеликлер изертленди. Бул изертлеулер жуўмақлары С.П.Толстов тарепинен үйренилип тәртиплестирилген. ХАЭЭ илимий хызметкерлери тәрепинен жазылған мийнетлерде, мақала китапларда Арал бойы аймақларында, Хорезм оазисинде цивилизация басқышларының рауажланыуы, айрым изертилеулер арқалы олардың инқиразға ушрау себеплерине де азы кем тоқтап өтилген. Бирақ ески дүзимлердиң идеолгиялық түсиниклерине байланыслы естеликлердиң бүлиниуи, *археоэтнографиялық материаллардың экологиялық жағдайларға байланыслы қублысларды үйрениудеги әҳмийетине дыққат аударылмаған.*

Бул, Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының илимий ислери өз заманласлары тәрепинен баҳаланды. Экспедиция жумысларына арналған илимий анжуманлар, мақала ҳам арнаулы топламлар шөлкемлестирилди. Бирақ бул экспедиция изертлеулериниң Арал бойы жерлериниң *өтмиште* ҳәм *бүгинги күндеги археоэтно тарийхы, экологиялық* жағдайлардың келип шығыуы, Арал бойларында қадимги цивилизация ошақларының кризиске ушрау жағдайларын үийрениу мәселеси изертленбей қалған.

Сўў танқыслығы себепли Арал бойында *ХХ – әсирдиң 80-90 – жылларынан баслап экологик машқалалар пайда болды*. Арал теңизиниң қурып барыуы пахташылық майданларын әдетен тыс кеңейтиуи себепли сўў ресурсларының теңизге келип түспеуине байланыслы келип шыққан мәселе.

[2] А.Ю.Якубовский. Ургенч карабаханалары . М., 1930; Оның «Миздакхан қалашасы» М., 1931.

Бул жағдайды Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2009 –ж. 28-29 апрель күнлери Қазахстанның Алматы қаласында болып өткен Аралды қутқарыу халқ аралық Жамғармасының тасисши мәмлекетлер басшыларының кеңейттирилген қурамындағы ушрасыуында «Бугунги кунда шуниси мутлақо равшанки, Орол буйида келиб чиқиши ва асороти жиҳатидан глобал, таьбир жоиз булса, бутун саёрамиз миқёсидаги мураккаб экологик ижтимойи – иқтисодий ва демографик муоммалар комплекси юзага келган» деб айтып өткен еди.[3]

Айтып өтилгениндей усы *экологиялық жағдай*, бәриненде бурын Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм уалияты табияты менен архео-этнологиялық естеликлерине де унамсыз тәсир етпекте. Экологик жағдай себепли регионда топрақтың дузланыуы, жер асты сүүларының көтерилиуи, шорланыу кушейди. Мәселен Арал теңизи бассейнинде сүғарылған майданлардың, яғный «қәдимги сўғарып егилетуғын жерлер» де 60 % артығы шорланған[4]. Бул ата – бабалар мийрасы тарийхый естеликлер – археология, архитектура обьектлерине унамсыз тәсирин тийгизбекте. Бул өтмиш гуаларын, материаллық ҳәм рухый түсиниклерди өзинде сәулелендирген естеликлер бизиң халқымыздың *мәдений этно-экологик қадириятлары*, түсиниклери менен тығыз байланыслы. Дийханшылық, өнерментшилик, шаҳарсазлық түрли усыл ҳам бағдарлар менен жетилистирилиб барылған. Басқаша айтқанда өтмиште де мәдений-этник дәстүрлерден пайдаланыу орынларда экологик машқалалардың пайда болыуына жол қоймаған. Арал бойы халықларының *архео-этнологиялық экологик машқалаларын* уйрениуде XX – әсирдиң уллы этнолог, археолог илимпазы С.П.Толстов дүзген (1937 – 1992) Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедицисының хызмети үлкен.

---

[3] Халқ сўзи. Газета. № 86, 30-апрель, 2009.

[4] Национальный доклад о состоянии окружающей среды и использовании природных ресурсов в Республике Узбекистан (1988-2007). Ташкент, 2008.-стр. 187-188.

Усы жағдайды есапқа алып биз таңлаған магистрлик диссертация темасын «Үлкемиздиң архео-этно экологик машқалалары» деп атаймыз.

**Магистрлик диссертацияның мақсет ҳәм ўазыйпасы.** Бизиң магистрлик диссертция мақсети:

- Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының тарийхый изертлеулери негизинде үлкемизде қәдимнен кең тарқалған архео-этно экологик қадириятлар,

- ХАЭ экспедицияны дүзиуде С.П.Толстовтың хызмети,

- Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының тарийхнамасы,

- ХАЭ изертлеулери хәм экологик проблематик (мулаҳозалы) мәселелерди шешиудеги әҳмийети,

- Этнограф Т.А.Жданко ҳәм үлкемиз халықлары этнографиясы тарийхын изертлеулерде этно-экологик қадириятлардың бағдарлары,

- Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының үлкемиз естеликлерин үйрениуи ҳәм тарийхый естеликлер экологиясын үйрениу машқаласы,

Магистрлик диссертация уазыйпасы:

- Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының естеликлерди үйрениудеги тарийхый әҳмийети,

- Экспеиция изертлеулерининг үлкемиз халықлары этнографиясы ҳәм археологиясын үйрениу жуумақлары,

- Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының изертлеулерининг Хорезм цивилизациясын ашыу әҳмийети,

- Арал кризиси, экологиялық жағдайда естеликлерди қорғау машқалалары ҳам үйрениу мәселелерин талқылау.

**Магистрлик диссертациясының илимий-методикалық негизлери.**

Озбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов тәрепинен Жана тарийхты жазыу, Тарийх институтын қайта

шолкемлестириу ҳаққындағы пармандагы көрсетпелер, ‘Тарихый хотирасыз кележек жоқ’ шыгармасындағы методикалық пикирлери, сондайақ қадимги Хорезм мәдениyaты естеликлери ҳәм этнографиясын изертлеуге улкен улес қосқан илимпазлар С.П.Толстов, Т.А.Жданко,Б.В Андрианов ҳәм т.б илимий мийнетлериндеги пикир-мулоҳазалары өтмиш тарийхты әдилана үйрениуде жаңа пикирлер жарытыу есапланылады.

**Магистрлик диссертацияның илмий дереклери.**

Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясының изертлеулерининг жуумақлары жәрияланған ХАЭЭ ның «Мийнетлери», «Материаллары»[5] ҳәм бул экспедиция хызметлери баҳаланған арнаулы макала, китаплар, топламлар, баспа сөзде жәрияланған басқада пикирлер магистрлик диссертациямыздың илимий дереклери есапланылады.

**Магистрлик диссертация жумысының илимий жаңалығы.**

Магистрлик диссертация жумысымызда биз Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедиция трийхнамасы менен қатар С.П.Толстов, Т.А.Жданко ҳәм ХАЭЭ ның басқада хызметькерлери тәрепинен Арал бойы жерлериндеги өтмиш тарийхы, мадениятын изертлеу барысларында бул жердеги экологиялық жағдайлар, олардың адамлар жасайтуғын орталыққа тәсири, кейинги уақытлардағы Арал кризисине байланыслы тарийхый естеликлердиң бузылыу себеплери, сондай ақ Амударья, Сырдарья дельтасындағы суу ресурсларының көтерилиу, тартылыу жағдайларының естеликлер сақланыуына байланыслы мәселелерди үйренемиз. Бул, ХАЭЭ ҳәм экологиялық мәселелер тарийхы бурынғы изертлеулерде үйренилмеген, арнаулы изертленбеген илимий бағдар болып есапланылады.

**Магистрлик диссертация жумысының хронологиялық шегерасы** - ерте орта әсирлердеги (VI-VIII-әә: IX-X-әә.) Арал

---

[5] Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТАХАЭЭ) I II III IV V VI т. б томлары; Материалы Хорезмской экспедиции (МХЭ) – Вып.1, ; вып.2, ; вып.4 ; вып.6 ; вып.7 (булл жерде биз пайдаланга мийнетлер ғана берилген).

бойы, Сырдарья алабында қәлиплескен археологиялық маденият тарийхы естеликлери.

Магистрлик диссертация Кирисиу, I-Бап. Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясы тарийхнамасы, II-Бап. Арал бой ы цивилизация тарийхын изертлеуде Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясы хызмети, III-Бап. Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясы, Жуумақлау, Пайдаланған әдебиятлар дизиминен турады.

Буларга косымша ХАЭЭ изертлеген естеликлер хэм материаллык табылмаларынын улгилери сурет туринде бериледи.

# I-БАП. ҮЛКЕМИЗДИ АРХЕО – ЭТНО,  ЭКОЛОГИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕУ ТАРИЙХНАМАСЫ

## I.1. Үлкемизди археологиялық - этнографиялық, экологиялық изертлеулерди  шөлкемлестириу

Тарийхый мағлуматларға қарағанда, бизиң үлкемиз тарийхы жуда ҳам кадимги заманлардан басланған. Палеолит дәуиринген басланған тарийхый рауажланыу үлкемизде антик, орта әсирлерде урбанизация, мамлекетшилик орайларын пайда етти. Бул мәдений өсиўшилик тарийхый архео-этно изертлеулер менен тастийқланады. Рауажланыу менен қатар ҳәр түрли жағдайларға байланыслы экологик инқираз жағдайларын да басып өткен. Белгили Қяттан шыққан алым ал Берунидинг жазғанына қарағанда, араблар дәслеп Орта Азияны алғанда, бул жердеги жергиликли алмлардың ески мәдeният дурданаларын жоқ етип, жергиликли тил, жазыуларды, шығармаларды пүтинлей жоқ етип жибериуге ҳәрекет еткен.

Араб жазыуында жазылмаған естеликлер жоқ етилген., жандырылған. Сол себепли ең қәдимги шығармалар сақланбаған. Мың жылдан берли жазылып келген шығармалар жүдә көп болған. Сол себепли үлкемиздиң өтмиш тарийхын үйрениуде археология, этнография илимлериниң мүмкиншиликлери көп. Лекин археология пәни бизде жудә жас илимге жатады. Россияда бул пән XVIII – аср орталарынан басланып, XIX – асрда бир-қанша рауажланды. Сол уакытларда Россия жерлеринде коп табылган тенге пулларды  (Орта Азияның  кадимги пулларын) топлап оларды тексерип, Россия менен Орта Азия  халыкларының кадимнен экономикалық байланыста болып келгенин дәлиллейди. XIX – асрнинг екинши ярымында, Орта Азия Россияга косылганнан кейин ауҳал өзгерди, Орта Азияға келган хар бир қәнийге, сауатлы кисилер бул жердеги қалалар харабаханасын, жасалма тепеликлерди, шахарлер харабасын, қәдимнен қалған жай харабаларын көрип булардынг тарийхын сорастыра баслайды.

Нәтийжеде 1870 – жылларда Ташкентте биринши мәрте шыға баслаған газета ҳам журналларда бул тарихий естеликлер ҳаққында турли мағлуматлар бера басладылар. Мәселен «Түркистон вилояти» газетасында. Айрым адамлар бундай харабаларды тексериуге киристилер, ҳәтте «хәзийне» излеб базы бир тепеликлерди бузып жибериуге шекем барып жетти.

Бир тоапр прогрессив рус зиёлылары – «археология хауесскерлери» хәзирги тарийх музейини дүзди ҳәм ондар тарийхый табылмалар, этнографик материалларды топлауға киристилер.

Рус шығыстаныушылары Н. И. Веселовский, В. В. Григорьев, И. Каллаур, В. В. Бартольд, В. Л. Вяткин, ҳауескер өзбек археологы Акром Аскаров ҳәм басқалар, тарихтаныушылық қоз қарасынан бул естеликлерди изертлеуди шөлкемлестириушилери болды. Орта Азияның шөллери, таулары ҳәм ауылларында болған ҳәр қандай естелик ҳәккындағы мағлыуматлар тарийхы бойынша баспа сөзде шығыу, газеталарға мақалалар жазыу дәстүрге айналды. Бул ислерге жергиликли халықлар үакиллери де қатнастырылды хам тартылди.

Ҳәзирги Ташкент қаласындагы тарих музейи, саньат музейи, табият музейинде топланган бай археология коллекциясининг үлкен бөлеги сол уақытлары ҳауескер тарийхшы, археологлар тәрепинен XIX – әсирде жыйналган деген пикирлер бар (Т.Саиткулов). Буннан тысқары, олар бир канша эхмийетли естеликлерде казыу ислерин де алып барады. Әсиресе, археолог – шығыстаныушы В. Л. Вяткинnди арнаулы, көрсетип өтиуге арзыйтуғын ибратлы хызметлерге жатады.[6]

XV – асрдеги Самаркантағы Улугбек тәрепинен қурылған белгили расадхона (обсерватория) Улугбек өлтирилгеннен кеиин бузып тасланған ҳәттекеи оның орныда умытылып кеткен еди.

[6] Кабиров Ж, Сагдуллаев А. Урта Осиё археологияси. Тошкент, 1990, 17 б.

Рус шығыстаныушылары обсерватория излерин табыуға көп урынып қорди, тек ғана Самаркандта жасаушы В. Л. Вяткин кадимги жер вақиб ҳужжеткелерин қарап, обсерваторияға тийисли доңгелек формадагы там курсиси ҳам бинанынг бузылған гербиш ҳәм нағысларын ҳәмде обсерваторияның жер дастындағы 1/8 бөлегин табыға миясар болды.. Бул ис тарийх пәни ушын үлкен таңқаларлық ашылыу болды. Сонн менен бирге археология хауескерлери қадимги Самарканд есапланган «Афрасиёб» тепелигинде бир қанша қазылыулар өткерди.

Лекин революциядан бурынгы археология хауескерлери Орта Азияда археологияни ғарезсиз, өз алдына пән есабында қарауға әззилик етдилер. Олар археология естеликлерин маьлим тарихый баскышларда ислеп шығыуға, ислеп шығыуда өндирис күшлериниң рауажланыуы деп қараүға куши болмады (сауаты, тәжрийбеси), оларды тексергени менен өндирис күшлериниң рауажланыуы қандай өскенинде билмеди, байқай алмады, маданиятты, ислеп шығарыу рауажланыуы ҳәм жамиет қатнаслары, махсулаты деб тусине алмадылар, балки оны бирәрта дин менен яки бирорта «алоҳида талантлы халык» пенен байланстырады.

Соңынан, олар археологиялық жол менен табылған буйымларга, тек ғана жазба дереклерди тастийқлаушы материал деб қарау нәтийжесинде археология илимин шегералап қойдылар. Соның ушында тарийхтың узақ өтмишине тийсли дереклерди болшаүга әззилик етти.

Натийжеде археология хәм, тарихтаныушылық сияқлы, идеалистик назария менен суғарылған халда тарийхшыларға жақыннан жәрдем бере алмады.

Өзбекистан тарийхшы – археолог – алымларының ири жетискенликлериниң бири Уатанымыз тарийхына, археология илимине үлкен итабар менен қарау есапланылады. Жамиеттиң тарийхий ислеп шығарыу күшлериниң рауажланыуы ҳәм оған жараса ислеп шығарыу

қатнасларының рауажлануы дауиринде өзгерип барыуы тарийхтан уллы кушлерининг рауажы ҳәм оган жараса ислеп шығарыу муносабатларининг тубарат қуралған, хәм сол дәуирлердиң тарийхын үйрениу мәселеси болады.

Тарихшы – археологлар бутин инсаният тарийхын төмендеги дәуирлерге бөлип қарайды.

1. Ибтидойы (алғашқы) жамолар дауири.
2. Кулдарлық (антик) дәўри.
3. Феодализм дәўри т.б.

Ҳәзирги пәнниң аныклауына қарағанда, кисилик жәмийетиниң тарийхы бир миллион жылдан асады екен. Бул узақ дәуирдиң ақырғы мың жыллықларында класслық жәмийет яғный қулшылық дүзим пайда болып, оған дейинги басқышта алғашқы жәмийет, яғный классқа дейинги дәуир есапланылады.

Өзбекистан тарийхшылығы рауажланғанға шекем, биринширден тарийхты ислеп шығарыу күшлерине қарап дауирлестириу мәселеси жоқ еди. Өзбекистанда, улыума Орта Азияда алғашқы дәуир болғанына гуман менен қаралған еди. Екинширден Өрта Азия халқы Иран яки Арқа Хиндистаннан келген деб қарайтуғын еди.

Кулшылық дүзимде болмаған, қадимги заманлардан баслап соңғы Бухара әмирлигине дейин Орта Азия халықлары турмысында өзгерис болмаған деб уқтырар еди.

Бирақ XX-асирдеги Орта Азияда, соның ишинде Өзбекистандағы прогрессив өзгерислер тарийхты диалектик дәуирлестириу мәселелерин иске салып жиберди. XX-аа. 30-40-жж. келип Өзбекистан трийхын жазба дереклер менен уйрениу менен қатар, *археологиялық естеликлерди ҳәм үйрениуге* жетерли итибар бере басланды.

Бул жумыслардың басында Москва, Ленинград алымлары - А. Ю. Якубовский, Г. В. Григорьев, С. П. Толстовлар менен қатар Өзбекистан алымлары М.Е.Массон, Я.Ғ.Ғуломов ҳам басқалар турды.

Дәслепки археологиялық изертлеулер Өзбекистанның айрым районларында археологиялық барлау (разведка) түринде басланады. Мәселен 1932 – 1933 жыллары Наманган областынынг Учкургон районында, Норин даресына электростанция курыу тайяргерлиги муносабати менен Ленинград археологларынин Латинин Ферғана алабының арқа- ш*ыгыс* районларында; 1934 – йили Ленинградлы археолог Г. В. Григорьев Янгийул районында; 1934 йили Ленинград археологларидан профессор А. Ю. Якубовский басқарған Ленинград ҳәм Өзбекистан археологлары Бухара – областынынг шығыс бөлиминде, жәнe усы жылы археолог М. Е. Массон басқарған археологлар Охангарон алабында жиддий археология изертлеулерин өткездилер.

1936 – 1937 – жыллардан бундай изертлеулер кенейип, кәдимги Термиз қаласын қазыу ислери күшейттирилиу менен бирге профессор С. П. Толстов басшылығында Бухоро областининг батыс бөлиминде, Хорезмге жақын жерлерде жаңадан тексериулер басланды. Бул экспедициялар үлкен масштабда шөлкемлестирилиб, олардың хаммесинде Москва, Ленинград ҳәм Өзбекистон археологлары хамкорлик қылғанлар. [7]

Бл экспедициялар катарында 1939 – 1940 жыллары Өзбекистан суғарыу сахасында халык курлыслары муносәбети менен, жер казыу ислери тарауында археологиялық кузетиулери өтказилип, әсиресе Ферғана водисында жуда үлкен нәтийжелерге ерисилди.

Көп ғана Европа шгыстаныушылары Орта Азиядағы кәдимги цивилизация маданиятын жоққа шығарып, бул жерде маданият, тек ғана Иран мамлекети тәсиринде ғана пайда болған рауажланған, кейинине

[7] Толстов С. П. По следам древнехорезмской цивилизаций, М., 1948. с. 27.

Искандар Зулкарнайнинг ҳәм улыума греклердинг жеңиси ҳам хәкимлиги таьсиринде рауажланған, соңынан жэне харабалыққа жүз тутып, тек ғана араблар үстемлигинен соң, ислам дини тәсиринде және көтерилген - деган хуласалар шығарған едилер.

Мине усындай илимий болшаулар, қате пикирлерди тек ғана археологиял илими ғана шешиуге жәрдемлесиуи мүмкин еди. Усы мақсетте биз жоқарыда келтирип өткен илимий мәкемелер өз экспедицияларын шөлкемлестире баслады.

Хорезмде, Батыс Бухара шөллеринде, улыума бутин Өзбекистанда археология жолы менен табылған ңарселер ҳәм ашылған тарийхый ҳәдиеселер батыс илимпазларының жоқарыда атап өткен пикирлерин, уқтырыуларын пүткиллей тастийқламайды.

Иранлықлар яки греклар басып алыуларына дейин ақ, ҳәм оннан кейинде болған материаллық мәдeният, шеттен келиб кирген бир таьсирнинг анық излерине ийе емес. Туүыры, әлбетте, Иран тенгелери (дарик, сикл), Македониядан келиб, бул жерде әстүр болған баьзы бир ыдыс формалары, архитектура кисмлары бар, лекин булар менен жиддий бир рауажланыу болған деп болмайды.

Орта Азияда антик дауирдинг жуда рауажланған уақтында Парфия, Грек - Бактрия, Хорези хам эрамиздың басында Кушон давлати сияқлы жергиликли қулшылық империялар заманына туүры келеди. Бул заманда кальалар қурыуда килишда, суўғарыу каналларын қўрыўда Онерментшилик, шахар турмысы, жол ислери, ишки, чыртқы сауда ислери хәмде саньатда жиддий көтерилиуди, класлық қатнасларының кескинлескенин көремиз. Бул ауҳал тек ғана Хорезмнинг археология материалларында ғана емес, бәлки бутин Орта Азияда өткезилген ҳәм өткезилип атырған археологиялық изертлеулерден анық көремиз.

Бурынлары, шар Россиясы, Шоралар заманында Орта Азияның мадений – сиясий ҳәм экономикалық байланыслары хаккында пропоганда, тек ғана Иран менен болған мунәсәбет, Алдыңгы Азия менен мүнәсәбет, «Иран тасири» деган гәплерден арыға өтилмес еди.

Хорезмде (С.П.Толстов дүзген ХАЭЭ) ҳәм Бухора областында өткизилген археология казыулары (В.А.Шишкин, Я.Ғ.Ғуломов) ислеринде Орта Азия халыклары Шығыс Европа районлары, әсиресе Волга дарёсынынг бассеининде болган жайлар менен жудә кәдимнен үзликсиз байланыста болып келганин көрсетпекте. Фактик материаллар, узактан басланган бул байланысты илгери менсинбей келинганин коремиз. Бул байланыстың қадимен болғанын ХАЭЭ тәрепинен ХХ-ә. 30-жж. басланған изертлеулери ақын дәлиллейди.

Солай етип, биз Хорезм археологиялық экспедициясын (Москва қаласы) шөлкемлестириу себеплери терең мәниге ийе екенин көремиз.

Қадимги Хорезмниң аймақларындағы археологиялық изертлеў жумыслары урыс жылларынан кейин кең ен жайды. Бул ўақыт ишинде жүзлеген қалалар, мазарлар, қоныслар, архитектуралық қурылыслар изертленген. Жыйналған ҳәм үйренип шығылған материаллар Амударьяның төменги жағалаўыныңески тарийхының көпшилик машқалаларын, атап айтқанда оның хронологиясын, жәмийетлик дүзимин, хожалығын, мәдениятын ҳәм басқа уалаятлар менен қатар сауда байланысын изертлеў сыяқлы машқалаларды шешип берди[8].

Солай болса да урыс жылларына шекем-ақ Амударьяның төменги қуяр жериндеги барлық территория изертлеулер объектине айналды. Атап айтқанда 1929-жылдан баслап Гөне-Ургенч ҳәм Хожели районлары Россия

---

[8] Кдырниязов М.-Ш. Хорезмниң орта әсир қалалары бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеулер. Нокис,1995.

Академиясы Жэмийетлик пэнлер илим изертлеу (РАНИОН) экспедициясы тарепинен илимий тийкарда изертленген еди.[9]

1929-жылы басланған изертлеўлер Орта Азия тарийхый-этнографиялық изертлеўлер Шығыс халықлар тарийхы музейи тарепинен шөлкемлестирилип 1932-1934 жыллары даўам етилди. 1937-жылдан бир неше жылға дауам еткен үзилислер менен бул изертлеулер  Хорезм археологиялық экспедициясы (Москва қаласы)  тәрепинен дауам етилди.

Хорезм археологиялық- этнографиялық экспедициясы археологиялық изертлеулер менен қатар Хорезм оазиси, Арал бойы халықларының өтмиш тарийхын этнографиялық изертлеулер негизинде үйрениуге жол ашты.

Улыума Арал бойы, Хорезм оазиси Хорезмшахлар заманына тийсли ауыл коныслары естеликлериндеги орта әсирге тийсли экологиялық жағдай, машқалаларды изертлеулерге жәрдемлесетуғын әдебиятлар бар. Айрымларын атап отетугын болсак олар томендегилерден ибарат. Дэслепки ауыл конысарынын калдыклары 1937-1938-жж. А.И.Тереножкин тэрепинен Гавхоре, Наринжан жрлеринде изертленди. Бул изертлеулер жуумагын А.И.Тереножкин  «Қаракалпакстан АССР Х1-Х11-ээ. турак жайлары» деген ат пенен 1940-ж. жэриялады.[10]

Бул изертлеулер жуумагы сондай ак С.П.Толстовтың «Древний Хорезм» (Кадимги Хорезм) китабындада айтылган (1948-ж).

Бирак орта эсир ауыл коныcларын изертлеу урыстан кейинги 60-жж. басланды. 1966-ж. Е.Е.Неразик «Хорезмнинг афригидлер заманы ауыл коныслары» атлы илимий монографиясын жэриялаган. Бул китапта ерте орта эсир- У11-У111-ээ. тийсли ауыл коныслары уйрениледи.

Е.Е.Неразиктиң арнаулы китабы ауыл конысларына арналды. Ол китап «Хорезмниң ауыл коныслары» деп талган, 1976-ж. Москва

[9] А.Ю.Якубовский. Ургенч карабаханалары . М., 1930; Оның «Миздакхан қалашасы» М., 1931.
[10] Тереножкин А.И. Жилые построики КАССР в Х1-Х11 вв.//Известия УзФАН. Вып.7.Ташкент,1940.

каласында «Илим» баспасынан шыкты.[11] Бул китап 1964, 1966-1971 жж. Дарьялык, Арка Даудан, Қават қала оазиси аимагындагы орта эсир турак жайлары менен хорезмшахлар (X1-X111-э.басы) заманы ауыл конысларына арналады.

Бул изертлеулерден баска Н.Н.Вактурская, О.А.Вишневскаянын Кават кала корганын казыу жумыслары уактындагы ашылган жай курлысларын атап отиу керек.[12] Бул улкен илимий макала Каваткала корганындагы жай курлысларына арналган. Бирак бул казыу жуумаклары аркалы хорезмшахлар маканы болган Каваткала жай курлысынын усы замандагы ауыл конслары хаккындагы маглыуматты толтыратугынын атап отиу керек.

Бул атап откен илимий макала хэм китаплардан баска хорезмшахлар заманына арналганарнаулы илимий изертлеу жок десек биз кэтелеспеймиз. Бул хорезмшахлар заманының археологиялык хэм тарийхый эдебиятларда аз изертлениуи менен характерленеди. Бирақ сонны атап өтиу керек биз жоқарыда атап өткен авторлардың мийнетлери Арал бойындағы орта әсирлерге тән болған экологиялық жағдайды баҳалауға да жәрдемлеседи.

Жүдә үлкен территорияларда (Ферғана, Бухара, Арал бойлары) шоқ-шоқ болып жасаўшы қарақалпақлардың майда группаларының тарийхын ҳәм мәдениятын үйрениў жүдә қызықлы ҳәм қыйын еди. Олардың тарийхы менен мәдениятын үйрениўде дала жағдайларындағы тарийхый этнографиялық изертлеўлер әҳмийетли роль ойнады. 1950-жылға шекем Ферғана қарақалпақлардық турмысы ҳәм дәстурлери ҳаққында азлы-көпли дала жағдайындағы этнографиялық изертлеўлер жүргизилди. (Х.Т.Зарифов, Я.Р. Винников, И.И.Иноғомов) қарақалпақлардың басқа майда группаларына арнаўлы этнографиялық изертлеўлер жүргизилмеди.

---

[11] Неразик Е.Е. Сельское жилище Хорезма (1-Х1У вв.). М.,1976.-255 б.

[12] Вактурская Н.Н.,Вишневская О.А. Памятники Великих Хорезмшахов// Материалы Хорезмской экспедиции.вып.1.М.1963.

Усы жағдайды есапқа алып ХАЭЭ ның этнография бөлими хызметкерлери қарақалпақ халқының этногенези менен бирге хожалығы санааты ҳәм өнерментшилиги туўралы да үлкен мийнетлер дөретти.

1945-1950 жыллары ХАЭЭ Т.А.Жданко басшылығындағы этнографиялық бөлими Қарақалпақстан Республикасының барлық районларында болды. 1945-жылы Шымбай районы, 1946-жылы Қоңырат ҳәм Мойнақ районы, 1947-1948 жыллары, Кегейли Куйбышев, Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районларының территориялары, 1949-жылы Хожели ҳәм Шоманай районларының территориялары изертленди 1950-1951жыллары Хожели, Шоманай ҳәм Қоңырат районларының территорияларында экспедиция хызметкерлери қосымша материаллар жыйнады.

Солардың қатарында ХАЭЭ турақлы илимий хызметкери Л.С.Толстова тиккелей қарақалпақ халқынын тарийхын этнографиялық жол менен изертлеген. Л.С.Толстованың 1957-жылы «Из истории ферганских каракалпаков», 1975-жылы «Жоқары қарақалпақлар» көлемли монографиясы баспадан шықты[13].

1953-1954жыллары Л. С. Толстова тәрепинен Ферғана қарақалпақларына тарийхый этнографиялық изертлеўлер жүргизилди. Бул изертлеўлердиң тийкарғы нәтийжелеринде Л. С. Толстованың бир қатар жумыслары жарияланды. («Материалы по этнографий ферганских каракалпаков»[14]. 1960-1961жыллары ӨзССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстандағы филиалының Зарафшан этнографиялық отряды Л.С.Толстова басшылығында Өзбекстанның Самарқанд областы өзбеклери қурамындағы қарақалпақ этнографиялық группалары арасында ҳәм Бухара областындағы қарақалпақлар арасында дала жағдайындағы изертлеўлер

---

[13] Толстова Л.С. Из истории ферганских каракалпаков». Нукус, 1975

[14] Л. С. Толстова. Материалы по этнографий ферганских каракалпаков».// Краткое сообщение Института этнографии АН СССР. Вып XXI,; Л. С. Толстова. Каракалпаки Ферганской долины (историко–этнографический очерк. Нукус 1959.

жүргизилди. Ең соңында 1963-жылы Л.С. Толстова тәрепинен қарақалпақлар менен бурыннан тығыз байланыста болған ҳәм олар менен әййемнен улыўма белгилерге ийе орта Зарафшандағы изертлеўлердиң жуўмақлары Л.С. Толстованың бир қатар мийнетлеринде жарияланды[15].

Сондай-ақ Л. С. Толстованың 1975-жылы Нөкис қаласынан шыққан «Жоқары қарақалпақлар» мийнетинде бурынғы Ферғана, Самарқанд, Бухара қарақалпақлары олардың этнографиялық жайласыўы ҳәзирги этникалық раўажланыў жолларын Қарақалпақстан қарақалпақлары менен Қарақалпақстан қарақалпақларының материаллық мәденияты менен салыстырып кең түрде баян етеди.

Хорезм археологиялық- этнографиялық экспедициясы басшысы С.П.Толстовтың басламасы менен жергиликли тарийхшы, этнограф, археолог кадраларды таярлау жолға қойылды. Олардың бири Р.К.Косбергенов болдыв.

1955-1956жыллары Р.К Қосбергенов басшылығында шөлкемлестирилген экспедициялық отряд тәрепинен Әмиўдәрьянын шеп жағалығындағы районлардың барлығы қайтадан шолыў өткерди. 1960-1973жыллары экспедициялық отряд тәрепинен республиканың арқа районларының Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир, Мойнақ барлығы қайтадан изертленди.Усы изертлеўлердиң нәтийжесинде көп тарийхый этнографиялық, әдебий фольклорлық материаллар жыйналды.Айырықша атап өтилетуғын нәрсе бурынғы жағдайларды көзи менен көрген еситкен қатықулақ адамлардан жыйналған ҳәм баҳалы илимий мийнетлер пайда болды.

---

[15] Толстова Л.С. «Этническая группа «Каракалпак» в составе узбеков Самаркандской области» ВКФ АН УзССР 1960 № 2; Толстова Л.С. «Некоторые сведения о каракалпаках Бухарской области». ВКФ АН УзССР № 6; Толстова Л.С. «Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса в XIX и начале XX в». Нукус-Ташкент 1963 г.

Ол Хорезм археологиялық- этнографиялық экспедициясы хызметкерлери менен турақлы байланыста болып илимий мийнетлер дөретти. Р.К. Қосбергеновтың 1958-жылы «Положение Каракалпакского население в Хивинском Ханстве в конце XIX начале XX вв.», 1972-жылы «Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы»[16] көлемли китабы жарыққа шығарды. Буннан басқа профессор К.Мамбетовтың 1990-жылы «Қарақалпақлар тарийхы», 1989-жылы «Тарийх төркинлери», 1995-жылы «Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы», мийнети баспадан шықты[17].

Булардан басқа соңғы ўақытлары усы экспедиция қурамында хызмет ислеген белгили алымлардың юбилейлери кең белгиленип, оларға арналған илимий теориялық конференциялар, илимий топламлар баспадан шықты. Мәселен Т.А.Жданконың сексен жыллық юбилейине арналған «Этническая история и традиционная культура народов Средней Азий и Казакстана» атлы илимий топлам 1989-жылы Нөкис «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шығылды[18]. Жоқарыда аты аталған экспедиция ағзалары алымларының атын мәнгилестириў мақсетинде олардың атына мектеплер, көшелер қойылды.

«Хорезм археологиялық этнографиялық экспедициясы мийнетлериниң» үшинши томы толығы менен қарақалпақлардың тарийхы ҳәм этнографиясы туўралы материаллар менен изертлеўлерден турады[19]. Буған кирген мийнетлер Б.В.Андрианов, С.К.Камалов, Р.К.Қосбергенов, У.К.Шалекенов ҳәм Т.А.Жданколар тәрепинен жазылған.

Хорезм археологиялық этнографиялық экспедициясының турақлы илмий хызметкери археo-топографиялық ҳам ирригация тарийхын изертлеу менен қатар Арал бойы халықларының этник жайласыу аймақларын да изерртледи. Б.В.Андрианов булл тарауда, жумысларында арқа Хорезмдеги

---

[16] Косбергенов Р.К. Положение Каракалпакского население в Хивинском Ханстве в конце XIX начале XX вв. -Нукус,1958; Косбергенов Р.К. Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы. Нокис,1972.
[17] Мамбетов К Қарақалпақлар тарийхы,Нокис,1990: Мамбетов К.Тарийх төркинлери.Нокис 1989: Мамбетов К.Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. Нокис,1995.
[18] Этническая история и традиционная культура народов Средней Азий и Казакстана. Топлам6 Нукус, 1989.
[19] Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Том.III. Москва,1958.

қарақалпақлардың этникалық территорияларын изертлеген[20]. Бунда XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақлардың қонысласыўлары сөз етиледи.

Т.А.Жданко изертлеўинде қарақалпақлардың гилемлерине, кийимлерине, зергерлик буйымларына, ағашқа жасалған ойыўларға ҳәм тағы басқаларға тән болған хәр қыйлы нағыслар келтирилген. Мәселен, ол қарақалпақларда 60 тан аслам миллий нағыслардың болғанлығын айта келип, олардың 30 атамасын мысалға келтирип, 20 түрли нағыс жыйнаған, яғный қарақалпақлардың материаллық мәденияты туўралы сөз етилген[21].

XIX ҳәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардағы патриархаллық феодаллық қатнаслардың айырым тәреплери Орта Азия археологлары менен этнографларының екинши кенесиниң материалларында басылып шыққан.

Қарақалпақлардың XIX әсирдеги мәдений турмысының айырым жақлары туўралы сөз қылатуғын жүдә әҳмийетли мийнетиниң бири оның Хорезм экспедициясының «Материаллар» жыйнағы 1959-жылы басылып шыққан еди[22].

1957-жылы Хорезм экспедициясының Қарақалпақ этнографиялық отряды Қарақалпақстанның арқа районларында қайтадан изертлеў жүргизди. Бул сапары қарақалпақлардың этнографиясы туўралы мағлыўматлар жыйнаў менен қатар XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ халқының тәғдириндеги сиясий ўақыялар менен байланыслы болған бир қатар тарийхый қорғанларды да изертледи. Олардың қатарында Арал бойы *экологиялық жағдайынан зиян көрип атырған* Айдос бийдиң қаласы, Орынбай қала, Жаңа қала, Ак жағыс усаған тарийхый естеликлер бар.

Қарақалпақлардың этногенези мәселелери бир-бирине байланылы илимлериниң ўәкиллери де тилшилер (И.А.Баскаков), әдебиятшылар

---

[20] Андрианов Б.В. Ак-джагыз (К истории формирования современной этнической территории каракалпаков в низовьев Амударьи)// ТХАЭЭ. Том.1. Москва,1952.-С.567-584.
[21] Жданко Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса// ТХАЭЭ.Том.1.-С.461-566.
[22] Материалы Хорезской экспедиции. Вып. 4. Москва,1959.

(К.Мәмбетов) ҳәм антропологлар А.И.Ярхо ҳам Т.А.Трофимова қозғады[23]. Көп жыллық археологиялық ҳәм этнографиялық изертлеўлерге ҳәм басқа да илимлердиң мағлыўматларына тийкарланып С.П.Толстов қарақалпақ халқының келип шығыўы ҳәм қәлиплесиў мәселесин Арал бойы халықларының узақ даўам еткен, өз-ара биргиўи нәтийжесинен келтирип шығарды.

Улыума алғанда тарийхый-этнографиялық материалларды кеңнен пайдаланып жыйналған материаллар негизинде бир нешше мақалалары ҳәм монографиялары баспадан шықты. Оларға 1947-жылы Шымбай районының этнографиялық барластырыў ҳаққындағы мақаласы есапланады.1949-жылы Т.А.Жданко Әмиўдәрьяның қуярлығындағы қарақалпақлардың конысласыўы ҳәм руў-қәўим дүзилиси ҳаққында екинши мақаласы жақтыға шықты.

Булардан басқа 1955-жылы Т.А.Жданконың бир қатар мийнетлери жақтыға шықты. Буларға «Аульная община каракалпаков», «Историко-этнографический атлас Средней Азии», «Изучение народного орнаментального исскуства каракалпаков»[24], «Каракалпаки в XVI первой половине XVIII веков» деген мийнетлери киреди. Т.А.Жданко бул мийнетлеринде XVIII XIX әсирдеги қарақалпақлардың социаллың қурылысын ҳәм мәдениятын, тарийхын сөз етеди.

XVIII әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардың социал-экономикалық ҳәм сиясий жағдайы Т.А.Жданконың «Каракалпаки (в конце XVIII-начале XIX века)» деген мийнети 1956-жылы Өзбекстан тарийхының 1-томында жүдә жақсы берилген.

1958-жылы СССР илимлер Хорезм археологиялық этнографиялық экспедицияның мийнетлериниң екинши ҳәм үшинши томы бирден жарыққа шықты. Екинши томы бир катар археологиялық изертлеўлер менен бирге Т.А.Жданконың «Быт колхозников преселенцев на вновь освоенных землях

[23] Ярхо А.И. Антропологический тип каракалпаков// Труды ХАЭЭ (ТХАЭЭ).Том.1. М.,1952.-С.585.
[24] Жданко Т.А. Изучение народного орнаментального исскуства каракалпаков// ТХАЭЭ. Т.3.

древного орошения каракалпаков» деген мийнети берилди[25]. Бул мийнетлеринде Қарақалпақстан халқының этнографиясының тарийхының көп ғана мәселелери сөз етиледи.

Сондай-ақ тарийхый этнографиялық характерде қарақалпақлардың XIX әсирдеги руўхый турмысының тәреплери тарийх илимлериниң кандидаты Х.Есбергеновтың «Қарақалпақлардың гейпара дәстүрлери ҳаққында» деген мийнетинде жүдә жақсы берилген. Х.Есбергенов, Ж.Хошниязов тәрепинен жазылған «Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре» мийнетинде толығы менен қарақалпақ фольклорындағы этнографиялық көринислер қарақалпақлар ҳаққында жазба дереклер тарийхый географиялық орынлар жазылған[26].

Х.Есбергенов авторлығындағы «Қоңырат тарийхый ҳәм мәдений естеликлер» атлы мийнети автордың өзиниң басшылығындағы этнографиялық экспедиция дәўиринде жыйналған мағлыўматлар тийкарында жазылған. Онда Қоңырат атамасының келип шығыўы, Қоңыратлылар династиясы, Қоңырат қаласы аймағындағытарийхый орынлар, қорғанлар ҳаққында реңли ҳәм реңсиз сүўретлер менен қызықлы мағлыўматлар берилген[27].

Мийнетте Қоңырат районының тарийх ҳәм мәдeният естеликлери ҳаққында тийкарынан XVI әсирден баслап 1917-жылға шекемги естеликлер сөз етиледи.

Х.Есбергеновтың Өзбекстан илимлер академиясынның хабаршы журналында республикалық ҳәм халық-аралық конференциялардың тезиллери томламында қарақалпақ этнографиясына тийисли бир қанша мақалалары, тезиллери баспадан шықты.

---

[25] .Жданко Т.А. Быт колхозников преселенцев на вновь освоенных землях древного орошения каракалпаков //ТХАЭЭ.Том.2.-С.705-760.
[26] Х.Есбергенов, Ж.Хошниязов тәрепинен жазылған «Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре. Ташкент,1989.
[27] Х.Есбергенов. Қоңырат тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. Нокис,1993.

Археология тараўында 60-70 жыллар аралығында Қарақалпақстан аймағындағы естеликлерде жаңа археологиялық изертлеўлерди Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими тарийх, тил ҳәм әдебият институтының археологиялық отрядлары алып барды. Бул изертлеўлер даўамында Арал алды дельтасында қатар жаңа археологиялық естеликлер үйрениледи, ол жерден табылған материаллардың бир мәдениятқа тийисли екенлиги анықланады. Сол жыллардағы археологиялық изертлеўлерди В.Н.Ягодин., Е.Е.Бижанов., М.Мамбетуллаев., А.А. Гудковлар арқалы алып барған[28]. Соңғы жыллардағы алып барылған археологиялық қазыў изертлеўлер даўамында өтмиш мәдeният тарийхы жаңа ашылыулар, табылмалар менен толықтырылған.

С.П. Толстов, Л.С. Толстова,. Т.А.Жданко әсиресе И.В.Савицкий ҳәр қандай буйым затларды музейге алыў ушын өзиниң мийнет ҳақысында сарплап жүрген. Усы жоқарыда аты аталған қарақалпақ мәденияты тарийхын тис-тырнақлап жыйнаў менен бирликте олар жергиликли қәнийгелерди илимге тартып илим ҳаққындағы түсиниклерди қәлиплестирди. Олар Москва қаласындағы үлкен қолайлықтан қашып бизиң аўылларымызды ешекли, атлы ҳәм пияда аралап халқымыздың өшпес мийрасларын өз қолымызға услатыўында да үлкен әҳмийети бар. Олардың арасында бирге жүрген жергиликли илимпазларымыз Р. К. Қосбергенов, Х. Есбергенов, А. Утемисов, А. К. Қощанов этнография тараўында жемисли хызмет етип баҳалы илимий мийнетлер дөретти.

Үлкемиздиң архео-этно экологиялық жағдайын изертлеу *Өзбекистан Республикасының ғарезсизлик алғаннан соңғы дәуирде* кеңнен ен жайды. Бул изертлеулер негизинде өтмиштеги тарийхый қублысларды жаңа ғарезсизлик ғоясы көз қарасынан баҳалаў жолға қойылды. Бурыңғы изертлеулер менен қатар жаңа архео-этно экологиялық изертлеулер шөлкемлестирилди. Атап айтқанда Өзбекистанның басқа жерлериндегидей үлкемизде де жаңа илимий

[28]Гудкова А.В. Ток кала. Ташкент,1964; В.Н.Ягодин. Антропология и культура Кердер, Ташкент,1970; .Мамбетуллаев М.М., Ходжайов Т.К. Раннесредневековый некрополь Куюк кала. Москва,2018.

изертлеу жумыслары жүргизилмекте. Олардың қатарында Қаракалпақ – Австралия археологиялық экспедициясының Ташқырман, Ахшахан естеликлериндеги археo изертлеулерине тоқтап өтиумиз керек. Бул экспедиция 15 жыл дауамында Беруни районы аймағындағы қәдимги Хорезм цивилизациясының пайтахт орынларын (қала, сыйыныу орайы) изертледи[29]. *Ахшахан, Ташқырман естелигиниң инқиразға ушрау себебин*, яғный *экологик жағдайын да тиклеуге археo изертлеулер жәрдемлеспекте.*

Үлкемиз археo-этно экологиялық мадениятy ҳаққында Ғәрезсизлик жыллары жаңа изертлеулер Өзбекистан Республикасы көлеминде де айтарлықтай жумыс исленди. Атап айтқанда Өзбекистанда XX1 –әсирдиң он жыллықлары ишинде археo-этнологиялық изертлеулер жолға қойылды Олардан атап өтетуғын болсақ этнографиялық илиминиң жаңа изертлеулерине Өзбекистан Илимлер Академиясы Шығыстаныу институтынан т.и.д А.Х.Данияровтың[30], академик С.К.Камаловтың[31], Ж.Б.Базарбаев[32] ҳәм т.б. мақала мийнетлерин атап өтиу орынлы.

1-Бап бойынша жуумақлар.

Археология тараўында 60-70 жыллар аралығында Қарақалпақстан аймағындағы естеликлерде жаңа археологиялық изертлеўлерди Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими тарийх, тил ҳәм әдебият институтының археологиялық отрядлары алып барды. Бул

---

[29] Бетс А. Ягодин В.Н, Хожаниязов Г. Кидд Ф, Амиров Ш, Искендерова А. Археологические исследования на городище Акшахан (Казакли чятган)// Археологические исследования в Узбекистане 2004-2005 гг. Ташкент: Фан,2006.

[30] Даниёров А.Х.Плитическая конъюктура и научная этнография (К вопросу о влиянии политических моментов на научно-исследовательскую деятельность этнаграфов). Вестник ККО АН РУз. Нукус,2003, № 1-2. 66 б; Данияров А.Х. Развитие этнографических знаний в первые века десятилетия XX века.Вестник ККО АН РУз. 2004.№ 1-2.-78 б.

[31] Камалов С.К., Бердиев Ж.Т. О миграционных процессах в истории каракалпаков (X11-X1X вв.). Вестник ККО АН РУз.2000. № 3. 65 б.

[32] Базарбаев Ж, Базарбаев Р.Ж. С.П.Толстов и этногенез Каракалпакского народа. Вестник ККО АН Руз.2008. № 1.-65 б.

изертлеўлер даўамында Арал алды дельтасында қатар жаңа археологиялық естеликлер үйрениледи, ол жерден табылған материаллардың бир мәдениятқа тийисли екенлиги анықланады.

Қадимги Хорезмниң аймақларындағы археологиялық, этнографиялық изертлеў жумыслары урыс жылларынан кейин кең ен жайды. Бул ўақыт ишинде жүзлеген қалалар, мазарлар, қоныслар, архитектуралық қурылыслар изертленген. Жыйналған ҳәм үйренип шығылған материаллар Амударьяның төменги жағалаўының ески тарийхының көпшилик машқалаларын, атап айтқанда оның хронологиясын, жәмийетлик дүзимин, хожалығын, мәдениятын ҳәм басқа уалаятлар менен қатар саудa байланысын изертлеў сыяқлы машқалалар менен бирге ески замандағы экологиялық қублысларды да ашып берди[33].

Улыума алғанда тарийхый-этнографиялық материалларды кеңнен пайдаланып жыйналған материаллар негизинде бир нешше мақалаларда ҳәм монографияларда этно-археo, экологиялық жағдайлар сөз етилди.

Изертлеулерде Арал бойы миграциясы хәм олардың этномәдений тарийхый мәселеде тарийх илиминде қырқыншы жыллары ой-пикирлер пайда болған еди. Археолог С.П.Толстов «По следам древне Хорезмской цивилизаций» атамадағы мийнетинде VII-VIII әсирдеги тарийхый ўақыялар араблардың Хорезм хәм Кердер ўалаятларына басқыншылығы, Тюрк қәумлердиң тасқын болып көшип келиўи, Кубла Арал бойының этнодемографиясы хәм этно экологиялық өзгерислер болғаны қөрсетилген.

Бул изертлеулерде *Өзбекистан, Қарақәлпақстан аймақларында археo-этнографиялық изерлеулерди шөлкемлестириу, этник тарийх, миграцион процесслердиң пайда болыуында айрым экологиялық хәм сиясий моментлердиң тәсирлери изертленди.*

---

[33] Кдырниязов М.-Ш. Хорезмниң орта әсир қалалары бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеулер. Нокис,1995.

# II-БАП. АРАЛ БОЙЫ ЦИВИЛИЗАЦИЯ ТАРИЙХЫН ИЗЕРТЛЕУДЕ ХОРЕЗМ АРХЕОЛОГИЯЛЫҚ – ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ЭКСПЕДИЦИСЫНЫҢ ХЫЗМЕТИ

## II.1. С.П.Толстов ҳәм Хорезм археологиялық экспедицисы

Арал бойы, Хорезм цивилизациясы тарийхын изертлеўде Хорезм археология - этнографиялық экпдедицияның (ХАЭЭ) изертлеў жумыслары әҳмийетли орынды ийелейди.

ХАЭЭ 1937-жылы П.Толстов басшылығында Қарақалпақстан Республикасының территориясында археологиялық-этнографиялық изертлеўлер жумысларын алып барды.



С.П.Толстов, археолог, этнограф …

С.П.Толстов (1907-1976) Москва қаласында тууылып өскен. Ол 1929-ж биринши мәрте Хорезмде болған. Ал 1934-ж. Материаллық мәденият тарийхы мәмлекетлик Академия аспирантурасын питкерген. Усы дәуирден баслап оның өмири Арал бойы тарийхы, археологиясы, этнографиясы естеликлерин изертлеуге арналған. Оның биринши ири мийнети «Қадимги Хорезм» ҳәм «Хорезм цивилизациясын излеп» шығармалары 1948-ж. жәрияланды. 1962-ж «Қәдимги Окс хәм Яксарт дельтасы бойлап» атамадагы шығармасы жәрияланды. Булардан басқа ол бир – неше жүзлеген мақалалар авторы.

1937 – ж. Хорезм археология - этнографиялық экпдедицияның (ХАЭЭ) изертлеў жумысларын шөлкемлестирди. Бул экспедиция 1938-ж. Туслик Арал бойы, қәдимги Хорезм аймағында өз изертлеулерин баслады.




1941-жылғы басланған урысқа байланыслы мәжбүрий байланыслы үзилиске түскен бул экспедиция жумысы 1945-жылдан баслап жаңадан ҳарекетке киристи. Тап усы жылдың гүзинде Өзбекстан илимлер академиясының Нөкисте өткерилген илимий сессиясында ислеген баянатында С.П.Толстов Республика тарийхының изертлеўиниң келешектеги ўазыйпалары туўралы конкрет мәселелерге тоқтады.

Қәдимги Хорезмниң аймақларындағы археологиялық изертлеў жумыслары урыс жылларынан кейин кең ен жайды. Бул ўақыт ишинде жүзлеген қалалар, мазарлар, қоныслар, архитектуралық қурылыслар изертленген. Жыйналған ҳәм үйренип шығылған материаллар Амударьяның төменги жағалаўының ески тарийхының көпшилик машқалаларын, атап айтқанда оның хронологиясын, жәмийетлик дүзимин, хожалығын,

мәдениятын ҳәм басқа уалаятлар менен қатар саудa байланысын изертлеў сыяқлы машқалаларды шешип берди[34].

Солай болса да урыс жылларына шекем-ақ Амударьяның төменги қуяр жериндеги барлық территория изертлеулер объектине айналды. Атап айтқанда 1929-жылдан баслап Гөне-Ургенч ҳәм Хожели районлары Россия Академиясы Жэмийетлик пэнлер илим изертлеу (РАНИОН) экспедициясы тарепинен илимий тийкарда изертленген еди.[35]

1929-жылы басланған изертлеўлер Орта Азия тарийхый-этнографиялық изертлеўлер Шығыс халықлар тарийхы музейи тарепинен шөлкемлестирилип 1932-1934 жыллары даўам етилди. 1937-жылдан бир неше жылға дауам еткен үзилислер менен бул изертлеулер Хорезм археологиялық экспедициясы (Москва қаласы) тәрепинен дауам етилди.

Соңғы ўақытлары бул изертлеулер Өзбекистан Илимлер Академиясы. Қарақалпақстандағы Бөлими археологлары тәрепинен 50 жылдан аслам даўам етилип атыр (1959-2010).

Усы бир-неше онлаған жыллар даўамында бул илимий макемелер тәрепинен шолкемлестирилген экспедициялар тәрепинен антик дәуирден соңғы орта әсирлерге шекемги дәўирдеги ауыл, қала маденияты естеликлери изертленди. Бул изертлеулер жуўмақлары С.П.Толстов тарепинен үйренилип биринши мәрте алдыңғы жуумақлар менен тәртиплестирилген[36].

Изертлеушилер жазба дереклердиң аз екенин атап өтеди. Шынында да, жазба дереклерде ерте орта әсир Хорезм аймағы ҳаққында сөз аз айтылған. Бирақ археологиялық материаллар анализи Беркут қала, Қават қала алабы, Үй қала, Кум басқан қала, Миздахқан, Кердер қаласының (Хаиуан қала) тағы

[34] Кдырниязов М.-Ш. Хорезмниң орта әсир қалалары бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеулер. Нокис,1995.
[35] А.Ю.Якубовский. Ургенч карабаханалары . М., 1930; Оның «Миздакхан қалашасы» М., 1931.
[36] Қараң: Толстов С.П. Древний Хорезм. М,1948: Толстов С.П. Қадимги Хоразм маданиятини излаб. Тошкент,1964.

басқалардың ерте орта әсир дәуиринен қонысларында африг мәдениятына тийсли мағлыуматлар ушрасатуғынын, болганлығын көрсетеди.

Соның менен бирге С.П.Толстов ертедеги орта әсир мәденияты тарийхы қатарында Африг дәуири естеликлерин үйрениу мәселесин қойды. Ол жазба дереклер, нумизматикалық табылмалар негизинде ҳәм археологиялық изертлеўлердиң жуўмақларын қоллана отырып Каракалпакстанның африг заманы тарийхын реконструкциялауға ҳәрекет етти. Бул африглер жағдайын толық сәўлелендириуге мүмкиншилик береди. Атап айтқанда С.П.Толстов «Қәдимги Хорезм» китабының арнаулы бөлими «Монеты Сиявушидов-Афригидов» деп аталады (Древний Хорезм.М.,1948.С.173). Бул бөлимде илимпаз африглер династиясының қалиплесиуин нумизматикалық материаллар негизинде биринширлерден уйрениуге ҳәрекет еткен.

С.П.Толстовтың кейинги жарық көрген «По следам древнехорезмийской цивилизации» (М.,1948 б) китабында ҳам автор озиниң африглер дәуири бойынша изертлеулерин дауам етти. Бул еки мийнетинде де қалалары материалларының да улыўмаластырыўшы анализин береди (Бул ҳаққында: Древний Хорезм.М.,1948.С.173; «По следам древнехорезмийской цивилизации» . М.,1948 б қараң).

Шахәрсазлык процесслери, атап айтқанда паитахт шахарлар тарихын уйрениу мәселеси археология ҳәм тарихтаныу пәниндеги әҳмийетли мәселелерден бири. Себеби, паитах шахарлар тарихи өзбек мәмлекетшилиги тарийхы менен тығыз байланыслы.

Археологик изертлеу ислери жуумақларында С.П. Толстов Хоразм цивилизациясининг ажайып естеликлеринен бири Қузели қир-1, Қаълали қир ҳәм Қойкырылған сияқлы, Топрақ қала сияқлы ерте мәденият естелик - шәҳәрлерди ашты.[37] Бул естеликлер ертедеги шаҳарлар үлгиси болып қәдимги Хорезмнинг астана-паитахт шәҳәрлеринен есапаланады. Қадимги шаҳарлар тарийхы, археологияси бойынша ерте баслаған, С.П. Толстов

[37] Куй қрилган қала. Москва, 1967 (рус тилинде).

тузен, қалиплестирген Хоразм археологик экспедиция қурамында Я.Г.Ғуломов (Ташкент), М.Г.Воробьева, Б.В.Андрианов, Ю.А. Рапопорт (Москва) сияқлы белгили археологлар исследи.



Экологиялық себеплерге байланыслы қум барханы басқан Қой крылған қала естелиги (антик дәуири). ХАЭЭ тәрепинен ашылған.



Әтраплары егислик майданларына айналған кушанлар дәуири естелиги Топрақ қала. Хорезмшахлар сарайы.

Хорезмди изертлеген белгили илимпазлардан болған С.П.Толстов ҳәм оның Хорезм экспедициясының хызметикерлери Амударья ҳәм Сырдәрьяның төменги агысындағы ерте орта әсир дәуириндеги естеликлерди изертлеу бойынша көп мийнетлер ислеген. С.П.Толстов мийнетлери гейбир бөлимлеринде жиберилген кемшиликлерге қарамастан ерте орта әсир, хоезмшахлар, монгол дәўириндеги Хорезм, Қарақалпақстанның қалалары тарийхына бағышланған десек болады.

С.П.Толстов өзиниң ири шығармалары[38] ҳәм көпшилик мақалаларында ерте орта әсир дәуири Хорезмнин сиясий орны ҳәм монгол басқыншылығының катастрофасы ҳәм оннан кейинги мәдений төменлеуин көрсетеди, өз мийнетлеринде автор жеткиликли дәрежеде исеним менен материалларды анализлеген ҳәм әҳмийетли жуўмақ шығарған. Атап айтқанда арқа Хорезмдеги ерте орта әсир қалаларыжонинде «Хорезм маданиятын излеп» деп аталған шығармасында былай деп жазады: «Томенги Амударьяның Устурт жийеклери бойлап ерте орта асирлерде қорған, минаралар дизбеги арка Хорезмдеги жағдайды қадағалайды»[39]. Соңынан- «Бул жерде Хорезмниң ең шетки батыс тәрепинде XIII-XIV әсирлерде жаңа дийханшылық ҳәм қала мәдeният орайы пайда болған. Оның гүллениўи Алтын Орда мәмлекетинде экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тарийхында атқарған роли менен байланысқан» деп көрсетеди[40]. Изинше мадений өсиўге алып келген себеплерди атап көрсекен. Солардың қатарында арқа, түслик Хорезм қалаларының орайлық ҳәм шегера қорғанлар қапталында қәлиплесиуин көрсетиу болды. Шынындада соңғы археологиялық изертлеулер тусликте Беркут қала, Уйқала, Қумбаскан қала ҳам т.б. арқада Шемаха қала, Пулжай, Улкен Айбуйир қалалары ертедеги орта әсир қорған атрапында улкейип қәлиплескен.

Москвалы илимпаз С.П.Толстов басқарған Хорезм археология-этнографиялық экспедициясы хызметкерлери узақ жыллар даўамында афригидлердиң қорған, жай орынларын изертлеп қазды.

С.П.Толстов дүзген экспедиция хызметкерлери Түслик Қарақалпақстан жерлери – Беркут қала, Жеккепарсан оазислеринде афригидлер дәуириниң қорғанларын ашты.

---

[38] Толстов С.П. Древний Хорезм. М.1948;Толстов С.П. Қадими Хоразм маданияти излаб. Тошкент,1967; Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. М,1962.

[39] Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации. М,1948, 249 бет.

[40] Булда сонда, 309 бет.

Е.Е.Неразик изертлеўлериниң жуўмағына қарағанда Беркут қала оазиси қорғанлары қурылысына қарай еки группаға: донжоны бар ҳәм донжонсыз болып бөлинеди[41]. Қорғанлар үлкен жай-массив тәризли қурылып, улыўмалық бир төбе менен бастырылған. Донжон минарлары бар қорғанлар Беркутқала оазисинде басым көпшиликти қурайды, Донжон астындағы тырнақлар С.П.Толстов пикиринше VII-VIII әә. қайта қурыўлар ўақытында, бурынғы дәўир қурылысы есабынан пайда болған.

Е.Е.Неразик С.П.Толстов пикирин раўажландырып «тырнақлы донжонлардың Хорезм қурылысына ғана тән болмай» - Орта Азияның VI-VII әә. тийисли Бухара оазисиндеги Вархаша, Тажикистандағы Исфара жанындағы Кала-и-Бола қорғанынында ушырасатуғынын көрсетеди. Автордың пикиринше феодаллық бөлшеклениў тән болған тарийхый жағдайда қорғаныў бекинислерин күшейтиў керек болған.

Бул белгилерине қарап С.П.Толстов, Е.Е.Неразик Африг мәденияты адамларының Арқа-Шығыс Арал бойындағы ярым отырықшы қәўимлер,

«батпақлы қалашлар» - «болотные городище», Қазақстандағы жетиасар мәденияты менен байланыслы көрсетеди.

Африглер мәденияты тарийхынан изертлегенде олардың ақша қатнасықларында үйрениў керек. Африглер нумизматикасы С.П.Толстов, Б.И.Вайнберг мийнетлеринде изертленген. Африг тийинларында авересте оң жаққа қараған патша келбети таж бенен қоршалып, реверсте – атлы адам сәўлеленген. Атлының дөгерегинде үш жулдызлы тамға, арнаўлы белгилерден турған Хорезм легендасы түсирилген. VII-VIII әә. тийисли айырым теңгелерде арабша ҳәрип жазыўлары ушырасады. С.П.Толстовтың анықлаўынша, олар араб ҳәкимлериниң атлары болған.

Жуўмақлап айтқанда африглер мәдениятын изертлеў Түслик Арал бойындағы ертедеги орта әсирлер тарийхын үйрениўдеги мағлыўматларды

---

[41] Неразик Е.Е. Сельские поселения афригидского Хорезма.С.15.

толықтырады. Белгили илимпазлар С.П.Толстов, Е.Е.Неразик африглердиң дәуирин тийкарынан еки дәуирге бөледи.

Бунда бурынғы антик традицияларының сақланыўы тән. С.П.Толстовтың анықлаўынша «… антик дәуир керамикасы, қурылыс усыллары, қалалары өзиниң дүзилиси ҳәм планларын өзгертпейди». Соның менен қарар Түслик Арал бойларында жаңа африг мәдениятына тән болған қорғанлар, кермика үлгилери пайда болған. Бул ўақытлары антик мәдениятының кризиси сезиледи. Бурынғыдай қала-қорғанлар өмир сүриўин тоқтатпайды, бирақ халықтың көпшилиги донжонлы қорғанларда жасайды. Олардың сыртқы дийўаллары пахсадан, ишки қурылысы қам гербиштен тикленеди.

Улыума алғанда белгили археолог т.и.д, профессорлар С.П.Толстов, Е.Е.Неразиктиң көп жыллық изертлеулери Туслик Хорезмниң (Қарақалпақстан), Арал бойы жерлерине тән, ертедеги орта әсирде африг хәм кердерлердиң қала маденияты излери анықланды.

Ертедеги Кердер мэдениятын изертлегенде Курдер калаларын локализацияы-сэйкеслестириу мэселелерине дыккат аударыу керек. Бул тартыслы мэселелерди шешиуде С.П.Толстов, Я.Г.Гулямов, А.В.Гудкова хэм В.Н.Ягодин, М.М.Мамбетуллаевлар коплеген пикир айтты хэм айрым калаларды орта эсир жазба дереклеринде келтирилген маглыуматлар менен сэйкеслестирди.

Соның менен бирге А.Ю.Якубовский Ургенч ҳәм Миздахкан естеликлерин үйрениў ўазыйпасын қойды. Ол жазба дереклерден ҳәм археологиялық изертлеўлердиң жуўмақларын қоллана отырып Ургенчтиң жағдайын толық сәўлелендирип береди УЖЖ әҳмийетин көрсетеди. Бул еки мийнетинде де А.Ю.Якубовский Ургенч ҳәм Миздахкан қалалары материалларының да улыўмаластырыўшы анализин береди[42].

[42] Бул ҳаққында А.Ю.Якубовский «Развалины Ургенча»-Ургениш карабаханалары// Известия ГАИМК, Т.8,1930; жэне оның «Городище Миздахкан»-Миздахкан қалашасы// ЗКВ.Т.У.1930-ж. китпаларын қараң.

Хорезмди изертлеген белгили илимпазлардың бири С.П.Толстов ҳәм оның Хорезм экспедициясының хызметикерлери Амударья ҳәм Сырдәрьяның төменги агысындағы орта әсир дәўириндеги естеликлерди изертлеу бойынша көп мийнетлер ислеген. С.П.Толстов мийнетлери гейбир бөлимлеринде жиберилген кемшиликлерге қарамастан монгол дәўириндеги Хорезм, Қарақалпақстанның Уллы Жипек Жолы бойындағы қалалары тарийхына бағышланған десек болады.

С.П.Толстов өзиниң ири шығармалары ҳәм көпшилик мақалаларында орта әсир дәўири Хорезмнин сиясий орны ҳәм монгол басқыншылығының катастрофасы ҳәм оннан кейинги мәдений төменлеуин көрсетеди, өз мийнетлеринде автор жеткиликли дәрежеде исеним менен материалларды анализлеген ҳәм әҳмийетли жуўмақ шығарған. Атап айтқанда «Бул жерде Хорезмниң ең шетки Батыс тәрепинде XIII-XIV әсирлерде жаңа дийханшылық ҳәм қала мәдeният орайы пайда болған. Оның гүллениўи Алтын Орда мәмлекетинде экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тарийхында атқарған роли менен байланысқан» деп көрсетеди. Изинше мадений өсиўге алып келген себеплерди атап көрсетеди. «Бул мәмлекет басшылары, варварлар Хорезм мәдений дәстүрлерин өз мәплеринде қолланыўда өз қызығыўшылығына ийе. Себеби, егиншиликтен алынатуғын нан, мийўе ҳ.б. дақыллар керек еди» дейди.[43]

С.П.Толстовтың пикиринше соң ала шеп жағадағы Хорезмниң өзинде Алтын Орда дәўиринде Хорезм-Джушид мәденияты пайда болған ҳәм оның мысалы ретинде Куня-Ургенч естелигин келтиреди.[44]

Жуумақлап айтқанда С.П.Толстов тәрепимнен дүзилген Хорезм археологиялық экспедициясы Амударья дельтасында жайласкан елатларда мәмлекетшилик тарийхын үйрениуге жәрдемлести. Атап айтқанда Хорезмде мәмлекетшиликтиң қәлиплесиу жағдайлары эрамыздан алдыңғы VIII –

---

[43] С.П.Толстов. Қадими Хоразм маданияти изидан., 287-б.
[44] С.П.Толстов. Древний Хорезм. М., 1948, 34-бет.

әсирге келип тақалған. Бул, С.П.Толстов болжаулары Қадимги дүняның ири тарийхшысы Геродот (эрам. алд. V әсир), белгили немец илимпазы Маркварт (XIX аср), америкалык шығыстаныушы алым Риччард Фрай, инглиз тарихшы алымы В.Горл ҳам биз уйренген белгили совет - рус археологы С.П.Толстовлардың болжауынша ахаманийлар үстемлигине дейин Орайлық Азияда кудретли Хоразм мәмлекети пайда болып, оның қурамында Согдияна (Зарафшон бассеини) ҳәм Хоросан (Туслик Туркманистан, Арқа-Шығыс ҳәм Батыс Афганистан) кирген.

Хорезмликлер басқарған бул үлкен әскерий - сиёсий бирикпе алымлар тәрепинен «Үлкен Хорезм» даулети деб аталган. Бу конфедерация Ассурия, Мидия ҳәм Иран падшаларының қысымларына түскен хәм болыуы мүмкин. В.Маркварт, В.В.Бартольд, С.П.Толстов, Я.Ғ.Ғуломов ҳәм басқа алымлар - «Авесто» дағы «Айраньам Вайджа» айнен (яғный тап сондай) «Улкен Хоразм» даулети бирикпеси аймақларының өзгенесидир» - деген пикирлерди айтады.[45]

Эрамыздан алдыңғы VIII-VII әсрилерде Орта Азия халықлары, жумләдан Хоразм халкы ҳәм отырықшы дийханшылық маданиятына өте баслады, урбанизация рауажланды, үлкен ирригация тармақлары қурыла басланды. Хорезмдаги Черманёб, Гавхорэ каби ири, үлкен каналлар тек ғана орайласқан мәмлекет жәрдеминде қурылыуы мүмкин еди, мумкин болған.

Буннан тысқары сол заманларға келип мәмлекет дини сыпатында жекке (моно) зардуштийлик дини қабыл қылынды ҳәм беккемленди[46]. С.П.Толстов жуумақлаған болжауларды жәнe бири Амударяның томенги ағымы бассеининде шакилленген жаңа елат XII асиргеше Хоразмийлер (хорезмли) халқы атамасы менен аталып келди.. Қулласа қылып соны айтыу зәрүр, адамлар Хорезм оазисинде қадимнен жасап келгенлер. Тарихый рауажланыу барысында, әсирлер дауамында бул үлкеге турли

[45] Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғориш тарихида. Тошкент, 1959 й, 92-131 бет.
[46] Базарбаев Ж, Хужаниязов Г, Базарбаев Р. Амударье бойларындағы зардуштийлик излери. Нокис,2008.

қәуимлер ҳәм елатлар кошип келгенлер, басқыншылар ҳәм мәлим дәрежеде из қалдырған. Олар жергиликли халық пенен араласып, бир тутас Хорезм халқының қәлиплесиуине өз үлеслерин қосқанлар ҳәм биргеликте дәстлебки Хоразм мәмлекетин пайда еткенлер.

Бирақ соны көрсетиу керек, көп жыллық археологик ҳәм тарийхый изертлеулерге қәрамастан Хоразм мамлекетининг қәдимги дәуирин дауирлестириу (хронология), территориялық шегераларын белгилеуде илимде тартыслар, пикирлер баршылық. Қәдимги Хорезм тарийхы "Авестодагы" Ариянам-Вайдон, Канха (Канг), Кангуй атамадағы географик жайға яки элатқа байланыстырады.[47]

Деген бул пикирлердиң қалиплесиуине С.П.Толстов дүзген Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулер жуумағы жаңа илимий болжаулардын пайда болыуына мүмкиншилик берди. Хорезмнин бул дауир естеликлериниң архео - экологиялық жағдайларын үйрениуде Беруний районындағы Ахшахан қала естелигининг экологиялық жағдайы дерек береди. Бул эрамыздан бурынғы III – әсирден - эрамыздың II-әсирине дейинги қала қаракалпақстанлы археологлар тәрепинен ашылды. Оны изертлеуге Қарақалпақ – Австралия экспедициясы А.Беттс, В.Н.Ягодин, Х.Хожаниязов, Фиона Кидд т.б белсене қатнаспақта.

[47] Толстов С.П. Древний Хорезм. 29 бет. Гафуров Б.Г. Тожиклар. Том 1., Душанбе, 1989 й. 84-бет.

## II.2. Т.А.Жданко ҳәм Хорезм оазиси халықлары этнографиясы тарийхы

1945-ж. Нокисте өткерилген сессиядан кейин Хорезм экспедициясының Т.А.Жданко басшылық еткен Қарақалпақ этнографиялық отряды Қарақалпақлардың келип шығыўы, Қарақалпақлардың өзине тән миллий өзгешеликлери, дүнья танымы, хожалығы менен өнерментшилик тарийхы, азық-аўқаты менен кийимлери, дәстүрлери хәм руўхый дүньясы ҳаққында көп ғана мағлыўматлар жыйнап, баҳалы мақала ҳәм мийнетлерди баспадан шығарды.

1945-1950 жыллары ХАЭЭ Т.А.Жданко басшылығындағы этнографиялық бөлими Қарақалпақстан Республикасының барлық районларында болды. 1945-жылы Шымбай районы, 1946-жылы Қоңырат ҳәм Мойнақ районы, 1947-1948 жыллары, Кегейли Куйбышев, Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районларының территориялары, 1949-жылы Хожели ҳәм Шоманай районларының территориялары изертленди 1950-1951жыллары Хожели, Шоманай ҳәм Қоңырат районларының территорияларында экспедиция хызметкерлери қосымша материаллар жыйнады. 1955-1956 жыллары Р.К. Қосбергенов басшылығында шөлкемлестирилген экспедициялық отряд тәрепинен Әмиўдәрьянын шеп жағалығындағы районлардың барлығы қайтадан шолыў өткерди. 1960-1973жыллары экспедициялық отряд тәрепинен республиканың арқа районларыны -

Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир, Мойнақ барлығы қайтадан изертленди.Усы изертлеўлердиң нәтийжесинде көп тарийхый этнографиялық, әдебий фольклорлық материаллар жыйналды.Айырықша атап өтилетуғын нәрсе бурынғы жағдайларды көзи менен көрген еситкен қатықулақ адамлардан жыйналған ҳәм баҳалы илимий мийнетлер пайда болды. Олардан Т.А.Жданконың 1947-жылы жарыққа шыққан Шымбай районының этнографиялық барластырыў мақаласы.1950-жылы шыққан «Очерки исторической этнографии каракалпаков» ХАЭЭ мийнетлер топламы

Тарийхый-этнографиялық материалларды кеңнен пайдаланып жыйналған материаллар негизинде бир нешше мақалалары ҳәм монографиялары баспадан шықты. Усылардың бири 1947-жылы Шымбай районының этнографиялық барластырыў ҳаққындағы мақаласы есапланады.1949-жылы Т.А.Жданко Әмиўдәрьяның қуярлығындағы қарақалпақлардың конысласыўы ҳәм руў-қәўим дүзилиси ҳаққында екинши мақаласы жақтыға шықты.

1952 - 1955-жылы Т.А.Жданконың бир қатар мийнетлери жақтыға шықты[48]. Буларға «Аульная община каракалпаков», «Историко-этнографический атлас Средней Азии», «Изучение народного орнаментального исскуства каракалпаков», «Каракалпаки в XVI первой половине XVIII веков» деген мийнетлери киреди. Т.А.Жданко бул мийнетлеринде XVIII XIX әсирдеги қарақалпақлардың социаллың қурылысын ҳәм мәдениятын, тарийхын сөз етеди.

XVIII әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардың социал-экономикалық ҳәм сиясий жағдайы Т.А.Жданконың «Каракалпаки (в конце XVIII-начале XIX века)» деген мийнети 1956-жылы Өзбекстан тарийхының 1-томында жүдә жақсы берилген.

1958-жылы СССР илимлер Хорезм археологиялық этнографиялық экспедицияның мийнетлериниң екинши ҳәм үшинши томы бирден жарыққа шықты. Екинши томы бир катар археологиялық изертлеўлер менен бирге Т.А.Жданконың «Быт колхозников преселенцев на вновь освоенных землях древного орошения каракалпаков» деген мийнети берилди. Бул мийнетлеринде Қарақалпақстан халқының этнографиясының тарийхының көп ғана мәселелери сөз етиледи.

Т.А.Жданко изертлеўинде қарақалпақлардың гилемлерине, кийимлерине, зергерлик буйымларына, ағашқа жасалған ойыўларға ҳәм тағы

---

48 Жданко Т.А. каракалпаки Хорезмского оазиса// Труды ХАЭЭ.Том.1.С.461.

басқаларға тән болған хәр қыйлы нағыслар келтирилген. Мәселен, ол қарақалпақларда 60 тан аслам миллий нағыслардың болғанлығын айта келип, олардың 30 атамасын мысалға келтирип, 20 түрли нағыс жыйнаған, яғный қарақалпақлардың материаллық мәденияты туўралы сөз етилген.

Хорезм археологиялық этнографиялық экспедициясының үшинши томы толығы менен қарақалпақлардың тарийхы хәм этнографиясы туўралы материаллар менен изертлеўлерден турады. Буған кирген мийнетлер Б.В.Андрианов, С.К.Камалов, Р.К.Қосбергенов, У.К.Шалекенов хәм Т.А.Жданколар тәрепинен жазылған.

Көрнекли илимпаз Т.А.Жданконың этнографиялық изертлеулери Хорезм оазиси халықлары тарийхы, этнографиясын изертлеуде көпшилик илимпазларға үлги болды. Хорезм оазисинде жасаушы Хорезмли өзбеклер, түркмен, қарақалпақ ҳам қазах халықларының тарийхы, этнографиясын изертлеу бойынша XX-әсирде бир қанша жумыслар жазылды.

1952-жылы «Хорезм экспедициясының мийнетлерининң» биринши томы баспадан шықты. Онда бул экспедицияның 1945-1948- жыллар аралығында ислеген жумыслары жуўмақланған. усы топламның екенши бөлиминде этнографиялық жумыслардың жуўмақларын берген. Усы топламда М.В.Сазонованың[49], К.Л.Задыхинаның[50], Г.П.Васильеваның[51] мийнетлери басылып шыққан. бул жумысларда сол халықлардың этнографиясы менен қатар Хорезм оазисиндеги халықлардың соның ишинде қарақалпақлардыңда 1917-жылға дейинги өз-ара қатнасықлары сөз етиледи.

Бирақ бул халықлардын тарийхына байланыслы этнография тарийхын бизиң магистрлик диссертация жумысымызда келтириу көп үақыт хәм орынды талап етеди. Соның ушында биз Хорезм оазисинде жасаушы халықлардың бири, Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясы

---

[49] Сазонова М.В. К этнографии узбеков Южного Хорезма// Труды ХАЭЭ. Том.1. М,1952.-С.247.
[50] Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи// Труды ХАЭЭ.Том.1. С.319.
[51] Васильева Г.П. Итоги работы Туркменского отряда Хорезмской экспедиции за 1948 г.// Труды ХАЭЭ.Том.1. С.427.

изертлеулериниң этнографлары көп жумыс алып барған қарақалпақлар изертлеулерге қысқаша шолыу жасаймыз.

XIX әсирдеги Хийуа ханларының ҳүжжетлериндеги қарақалпақ ҳаққында дереклерди ең дәслеп П.П. Иванов (1936 жылдан) баслап изертледи. Хийуа ханларының ҳүжжетлери 1873 жылы Санкт-Петербургқа алып кеткен еди, соннан бери ҳешким бул ҳүжжетлерге илимий жақтан дыққат аударған емес. 1942 жылы П.П.Иванов Ленинград камалында ашлықтан қайтыс болады[52].

Москвалы тарийхшы археолог илимпаз Б.В.Андрианов тәрепинен 1873 жылы Хийуаға экспедиция келген А.Л.Кунниң коллекциясы (жыйнаған этнографиялық, археографиялық материаллары) ҳәм архивлери изертленди[53]. АҚШ қа көшип кеткен профессор Ю.Брегель (1958-ж) Хийуа ханларының 10 ҳүжжетин изертледи[54]. 1962 жылы өзбекстанлы алым М.Юлдашев А.К.Бороков тәрепинен Санкт-Петербургтың М.Е.Салтыков-Щедрин атындағы мәмлекетлик публикалық китапханасынан Хийуа ханына тийисли 9 дәптер изертленди. Бул мийрас 1962 жылы Ташкенттеги архивке алынды.

Сол ҳүжжетлердиң 100 асламы қарақалпақларға тийисли тарийхый дереклер болады. Ю.Брегельдиң изертлениуинде ҳәм Қарақалпақстанлы академик С.К.Камалов тәрепинен Хийуа ҳүжжетлери ҳәм Оренбург архив ҳүжжетлери илмий дыққатқа миясар болды[55].

Солай етип, XIX әсирдеги Хийуа ҳүжжетлерин изертлеуге П.П.Иванов, Ю.Брегель тәрепинен басланды, ал Оренбург архивиниң ҳүжжетлеринен қарақалпақлар ҳаққында дереклерди С.Камалов биринши болып жәриялады. 1967 жылы Ю.Брегель Ташкенттеги архивтен «Хийуа

---

[52] О.Юсупов, П.П.Ивановтың архиви. Әмиудәрья журналы. Нокис, 1986, №2. 67 б.
[53] Б.В.Андрианов. Архивы А.Л.Куна.// Советская этнография. 1951. №2, с.149-155.
[54] Брегель Ю. Архивные материалы Хивинского ханства. –Москва,1967 ; Ю.Брегель Архив хивинских ханов// Журнал. Народы Азии и Африки 1966, №1, 67-76 бетлер
[55] С.К.Камалов.Новые данное о Кунградском восстании 1858-1859 гг. // Вестник КК ФАН УзССР 1965, №1, 40-53 бетлер:. С.К.Камалов. Подлинные исторические документы о восстании каракалпаков 1855-1856 гг. против хивинских ханов // Вестник КК ФАН УзССР, 1964, №4, 3-9 бетлер.

ханының канцеляриясынан» тийисли 39 ҳүжжетти Санкт-Петербургтағы Шығыс таныу институтынан 14 ҳүжжетти жыйнақ етип шығарды[56]. Бул ҳүжжетлерге қарақалпақлардан өндирилген салгутлардың өндирилген жыллары, төлегени тууралы мағлыўматлар ушратамыз. 1831-1832 жылдан баслап Қарақалпақтың еки арысы Қоңырат ҳәм он төрт руу бийлери, аталықлары үлкен тилла, киши тилладан салық төлегенлиги келтириледи. Сол ҳүжжетлерде Хожа эли, Қыятжарған, Огуз канал, Дауқара, Буйдалы, Ақ-туба, Шортамбай ҳ.т.б. қыслауындағы халықтан салық өндиргенлиги келтириледи. Хийуаның ҳүжжетлеринде қарақалпақ бийлерине атақ, дәреже бериу бойынша мағлыўмат ушратамыз. Мәселенки, 1866 жылы он төрт рууларға Худайназар бийге «Беглер беги» дәрежеси берилген.

XIX әсирдеги қарақалпақлардың қәуим-руу басшылары, атақлы бийлери ҳаққында Хийуа ҳүжжетлеринен көремиз. Мәселенки, 1822 жыл 8 февральда Жылуан жап канал бойынан 6000 танап жер бөлистириуде Манғытлар баслығы Маман бий ҳәм басқалардың келисиминде Даулетназар бийге өли ҳәм тири (Ахиа уа аму ати) жерлер берилди[57]. (ЦГА УзССР Ф. 125 оп 2. д 467.л 151; Ю.Брегель 79 бет.)

Карақалпақлардың этнографиясы, тарийхын азда болса сөз ететуғын «Тарийх-Абул-Фаиз хани»- шығармасыбул мийнетте 1711-1724 жыллары Бухарадағы Аштарханидлер әулады Абул Фаиз хан (1711-1714) өмири, икметлери тәрипленеди. Китаптың ийеси Абдар-рахман Даулет (Тале) баянлауынша Абул-Фаиз елди дурыс, әдил басқармады. Сол себепли, маңғыт ҳәм кенегес, қоңырат ҳәм найман, қытай-қыпшақ, ҳәм мың қәуимлери отырықшыларға тынышлық бермеди, оларды тонады, көшпели «өзбек» руулары бир бирине қарсы да болады. 1713 жылы кенегеслер Самарқандты бүлдирген. 1719 жылы 2000 атлы кенегеслер Исмаил Мирахур басшылығында Бухарадағы Бахауаддин ауылына келген - деп жазады Абдрахман Талм. Китапта , Самарқандта Раджабхан басшылығында 1722

[56] Ю.Брегель. Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. М.1967;
[57] Ю.Брегель. Көрсетилген әдебият, 79 бет.

жылы бийғәрезлик ел болды, оны кенегес, қатаған, қыпшақ ҳ.т.б. қәуим беклери қоллаған деп жазды.

Хорезмли (Хиуа) Мухаммед Риза Агахийдиң «Риезуд-давла» атамадағы мийнетинде Хийуа ханы Аллақули ҳүкимранлық қылған (1825-1843) жыллардағы уақыялар өз сәулесин тапты. Бул китапта 1249 ҳижра (1827-1828) жылы Айдос бий басшылығындағы қарақалпақ елиндеги қозғалаң болғаны, буның себеби халықтан жыйылатуғын салықлардың көплиги ҳәм ауырманлығы деп көрсетилди[58]. «Риезуд-давла»да Айдосбийдиң аухалынан, уақыясынан жазды. Көк өзек елиниң ака биринширси Қоңырат улусы, қолдаулы тиресинен Султан уғлы Айдос бий бурын шын ықласы менен Хийуа Ханға хызмет еткен еди. Соң Айдос бийдиң әтирапына қарақалпақ улысының жыйылыуы, оның еки улы Қоңырат қаласына атланғаны жөнинде Агахий баянланды. Риза баҳадыр, Туре баҳадыр ҳәм басқада Қоңырат қаласына барып урыста қырылған әскерлердиң бирнешеси, әжели жетпегени, баҳадырлар Айдос бийдиң алдына барды ҳәм аухалды билдирди. Айдос бий Хийуа ханының әскерлеринен қәуиплениp «Сары тау»дан көшип Қалта таш жолы менен Бөрши таудың үстинен қашты. Хан әскерлеринен қашқан Қоңырат бийлери ҳәм хожалықлар Еркебай қудық, Шурық рабат қудыққа жетип дем алды. Олардың бахтына хан лашкерлери изинен жеткен, олар елши жиберип бағыныуды буйырған, бирақ Айдостың жардемшилери елшиниң сөзлерине қулақ салмады. Айдос бий шаҳорат тахмирни тутып, ҳүкими тағдир Билан пайибанди занжир етип, жамьи ҳаял ҳәм атфоли асир ҳәм барша Аше ҳәм амволин пастгир қылып, бағынды, бирақ ол тирик қутыла алмады. Хан ләшкерлерине бағынбаған Қууаныш баҳадыр ҳәм Қандекли нафас ҳәм Досым қара ерлер гуресип қаза тапты. Айдос бийдиң басын кесип Хийуаны алып келген еди[59]. Агахий мийнетиниң соңында «Айдоснама» атамада поэтикалық қатарлар

---

[58] Г.Каримов, С.Долимов. Огахий-тарийхшы 6 бет: Жэне қараң, китап: Мухаммед Риза Мираб Ерниёзбек уғлы Огаҳий. Том 5. Ташкент, 1978.

[59] Огаҳий тарийхый асарлари. Том. 5. 80 бет.

берилди.1860-1872 жыллары Ораз Мухаммед аталық Хийуа ханының салық жыйнаушыларын сабап, қууып жибергенин мағлыўматта көремиз.

1851 жылы 27 октябрь 1853 жылдағы салғут-кеспеде қолдаулы Ерназар бий-51 ½ төлегени жазылған еди[60]. 1863 жылы 17 февральда Аталық Ерназар ибн Қабыл бий  ҳәм басқада 19 ел басшылары Хийуа ханына арза нама жазып, бунда әпиуайы халық ашлық ҳәм бүлгиншиликте екени, сол ушын салгут төлеу жағдайында емес деп билдирди.

1872-1873 жыллары Терис тамғалы Қабыл-беглер   беги Хийуа ханы ушын атлы нөкер, Кенегес Ерназар аталық 500, 300, 400, 150 тилла төлеген еди. 1873 жылдан соңғы Хийуа ханының  архивинде қарақалпақлардан салғут өндириу бойынша мағлыўматлар жоқ. XIX әсирдеги қарақалпақлардың мәкан жайлары: Кетен қала, Ай бүйир, Дауқара, Мүйтен ауыл ҳ.т.б. болды. Хийуа ханлары архивинде қарақалпақ бийлери, аталықларының №1-85 мөринде таңба, жазыу болғанын Ю.Брегель анықлады.

Хийуа ханларының архивлик ҳүжжетлери М.Юлдашев, И.Низомоддинов, Т.Ньематов тәрепинен көп томлық етип таярланды. Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан алымлары: А.Садыков, Я.Гулямов, С.Камалов, Қ.Сарыбаев, Қ.Аметов, О.Қошчанов, А.Жалилов, М.Тилеумуратов, А.Төреев ҳәм басқалар мийнетлеринде Хийуа ханының архивлик дереклери пайдаланды.  Ташкентлик алым А.Жалилов тәрепинен Өзбекистан Орайлық Мәмлекетлик Архивтеги «УзМДА») Ф.И.-125, сақланған Хийуа ҳүжжетлеринен Қарақалпақлар тарийхына дереклер изертленди[61]. А.Жалилов тәрепинен қарақалпақларға тийисли 1200 бетлик дереклери илимий изертленди. Бул ҳүжжетлерде жер ийелеу, салық алыу, төлегени тууралы гууалық, шаруашылық ҳәм закат, қазыу ислери, нөкер топлау, қарақалпақ бийлерине берилген иман, пул, атақ ҳәм дәрежелер,

---

[60] Ю.Брегель. Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков.  -99 бетте.
[61] О.Жалилов. XIX-XX аср бошларидаги қорақалпоқлар тарихига оид мухим ҳужжатлар. Т. 1977. -7 бет.

қарақалпақлардағы қозғалаңлар, руулар атамасы ҳ.т.б. А.Жалилов архивлик ҳүжжетлердеги қарақалпақларға тийисли мағлыўматларды Мунис, Агахий, Баянийдиң китаплары менен салыстырып, сын берип толықтырылды. Сонны айтыуымыз керек, А.Жалилов Қарақалпақстанның жер суу атамаларын, географиясын жақсы билмегенликтен архивлик ҳүжжетлерди алжасықта түсиндирди. Мәселен, 1822 жылы Ақ Маңғыт Маманбий баслық ҳәм басқалардың Жалуан жап бойынан алты мың жерди Даулетназарға бергенин жәриялады. Ол «Жилуан» деген жапты Кунғрад районында жайласқан деп түсиндиреди. Жилуан жап Кегейли районы ортасынан ағып өтеди, Шымбайлы Қыпшақ Ережеп бий, Аға-баба, Райс ҳаққында оның шығысын «Қарақалпақ қыпшақ майлы балта рууынан» деп шалағай түсиндирди. Ережеп бий (Тентек) шығысы-жадақ қыпшақ рууынан[62]. Ташкентли алым А.Жалиловтың әпиуайы кестесин Шымбайлы О.Файзуллаев тәрепинен Ережеп бий – Майлы балты қыпшақ» деп түсиндириу орын алды[63]. . Буннан жуумақ сол, айырым изертлениушилер архивлик ҳүжжетлерди жергиликли мағлыўматларға (онамастикалық, этнотопонимкалық) салыстырып қарауда шалағайлық, итибар бермеушилик барын көремиз. XIX әсирдеги Әмиудәрьяның сол тәрепиндеги қарақалпақларда Хужайли, Чуманай, Қуңғирот ҳәкимлиги болған еди. Бул жерлерде бийдай, жүуери, арпа, тары, мәш, гүнжиниң нырқы (баҳасы) қандай болғаны тууралы метрологиялық мағлыўматлар көремиз.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң бас гезинде Қарақалпақлардың рәсмий ҳүжжетлери (архивке түспеген, жеке сандықларда қалған, мешит медресе сақланғанлары) бойынша тилши ҳәм жазыушы Ҳ.Хамидов изертледи.

Өзбекистан Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы, профессор Ҳ.Хамидов қарақалпақ тили тарийхы бойынша көплеген ҳүжжетлер тапты

---

[62] О.Юсупов. Қыпшақ Ережеп бий Аға-Баба. Нөкис: «Арман», 1992.-105 бет.
[63] О.Файзуллаев «Шымбай легенда ҳәм изертлениулерде» .-Нөкис 1993.

ҳәм жәрияланды[64]. Ол «Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери» (Нөкис 1985) атамадағы мийнетинде бир неше онлаған арза-нама, тилхатлар, неке исқағазлары ҳ.т.б. жәриялады. 1890 жылы 29 октябрьде Қум өзекли Баҳауаддин ийшан Атауллаҳ ийшанның уғлының арзасында төрт мың танап жери болғаны, бул жерге ханның жарлығы болып, оны Шымбай оязы алып қойғанын, сонлықтан жерге жарымшы егин алып турған дийхан-пухаралар өнген өниминен ҳақы бериуге бастартып, ал қудайдан қорыққанлар жер ҳақысынан беретуғынын хатнамада жазады. Сонлықтан Бахауаддин ийшан өзиниң улуғ дәрежели Әмиудәрья музафаты хакиминен, ҳәзиретлерден жерге ийелик етиуши жарлық хатын тауып, қайтарып бериуин соранады. Тилекке қарсы қум өзек ийшанларының өтиниши орынланбады. Сонлықтан болса керек, 1919 жылы жергиликли бай-болыслар, ийшанлар кеңес ҳүкимети дәуиринде талаблары келиспей контрреволюциялық ҳәрекетлерге, сиясий гүреске қатнасқаны анық. Қоңырат тауабығында Ҳәким ата әтирапындағы отырықшысы Алланияз молланың түркменлер арасына барып бала оқытыуына бир жылға жууап бериуине кепиллик етип Төремурат аталық Матайбий уғлы мөр басып, хатнама жазған еди. Тилекке қарсы, Ҳ.Хамидовтың китабында Төремурат аталық қашан жасағаны, ол ҳаққында Хийуа архивлик дереклер барма деген сораулар ашық қалды. Ю.Брегельдиң китабында «Төремурат бий сын Матайбия-ашамайлы. 120, 142, 176, 213, 239, 254» исмин көремиз 1872-1873 жыллары Ашамайлы ауыл 87 ½ атлы хызметке берилиуи көрсетиледи, сонда Төремурат бий исми бар. 1869 жылы сентябрьдеги закат даптерде «Төремурат бий сын Матайбия» хожалығында 50 қара мал, 18 қойдан зәкәт алғаны жазылады[65]. 1871 жылы зәкәт дәптерде Төремурат бийдиң 83 қара малы, 40 қойы болғаны көрсетилген. Ақ қала куренинде Төремурат бий (1872 ) ауылы болып, оның 102 қара малы ҳәм 31 қойы есабынан ханға зәкәт төлегени көрсетилди. Солай етип, Ҳ.Хамидов жәриялаған шахсий, рәсмий ҳүжжетлердиң мәниси, дөрелген жери, бундағы

---

[64] Ҳамидов Ҳ.«Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери».-Нөкис 1985.

[65] Ю.Брегель. Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков.142 бет.

мөр басқан  бийлердиң мәкан жайлары, турмысы бойынша архивлик дереклер тийкарында толықтырыуға болады, XX әсирдиң бас гезиндеги қарақалпақлардың рәсмий ҳүжжетлеринен басқа, халық шайырлары, қалада судья (Қазы) хызметтеги дилмашлардың ис қағазлары тарийхый дерек болып табылады. XIX-XX әсирдиң бас гезиндеги қарақалпақ  шайырлары Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Омар, Аяпберген, Абаз, Садық, Асан дилмаш, Қазақбай дилмаш, Қазы Мәулик, Сейфулғабит Мәжит улы, Қасым Әуезов, Аллаяр Досназаров, Ораз Ерманов ҳәм басқада ел басшыларының қолжазбалары, ҳүжжетлери қарақалпақ  ҳәм Қарақалпақ Автономиялы областының дүзилиуи жыллары бойынша қунлы этнографиялық дерек болып табылды.

Мәселен Т.А.Жданконың сексен жыллық юбилейине арналған «Этническая история и традиционная культура народов Средней Азий и Казакстана» атлы илимий топлам 1989-жылы Нөкис «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шығылды. Жоқарыда аты аталған экспедиция ағзалары алымларының атын мәнгилестириў мақсетинде олардың атына мектеплер, көшелер қойылды.

2-бап жуумақлары.

## III-БАП. ХОРЕЗМ АРХЕОЛОГИЯЛЫҚ – ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ЭКСПЕДИЦИСЫ ҲӘМ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МАШҚАЛАЛАР

### III.1. Егислик майданларының кеңейуи ҳәм архео-этно тарийхый естеликлерди сақлау машқаласы

Түслик Арал бойлары жерлери қәдим заманлардан ақ жасалма сўуғарыў жолы менен егиншилик еткен. Бул ҳаққында 1937-ж. дүзилген Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулери мағлыумат береди. Усы экспедиция қурамында 1952-ж. баслап Б.В.Андрианов басшылыгында қәдимги сўғарыу иншаатларын изертлейтуғын арнаулы архео-топографиялық топар дүзилип, ол тек ғана егиншиликке байланыслы мәселелерди шешпей, ал археологиялық естеликлерге тәсир жасаушы экологиялық факторларды, олардың келип шығыу мәселелерин де үйренген.

Қәдимги сўғарыу системалары жақын ўақытларға дейин ҳәзирги мәдений оазислер шегералас жайласты Мәселенки, Еллик қала жерлери. Бул ески сўғарыу системаларына тийсли аймақларда ески қалалар қарабаханалары, қорғанлар аўыл қоныслары қалдықлары, ырашлар каналлар орны, атызлар, жүзимзарлық ҳәм бау-бақша қарықлары көплеп ушрасады. Олар қадимги егиншилик мәденияты орынлары болған.

Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулери мағлыуматы бойынша булл Туслик Арал бойындағы егислик майданларының орны бурыңгы Аўқамлас еллер (СССР) бойынша жәми 8-10 млн. гектар болған. Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулери соның 5 млн га (50 %) майданын Арал бойларында, атап айтқанда томенги Амударья ҳәм Сырдарья алабында анықлады[66].

Арал бойы, Хорезм оазиси жерлериндеги сўуғарыу системасы, археологиялық естеликлерди урениу бойынша ўлкен жумыс ислеген илимпазлардың бири Өзбекистан Илимлер Академиясынын академиги Я.Ғ.Ғуламов болды. Бул уллы инсан Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулеринде 1938, 1940, 1945-1946- жж. белсене қатнасып ХАЭЭ ның баслығы орынбасары, илимий хызметкер дауазымларында жумыс ислеген.

[66] Толстов С.П. По дельтам Окса и Яксарта.М,1962. –С.187/

Усы ҳәм басқада изертлеулерин (1936-1950) жумақлап Я.Ғ.Ғуламов озиниң «Кадимги Хорезмниң сўғарыу тарийхы» шығармасын жазды[67].

Өз изертлеулеринде илимпаз төменги Амударья бойларында сўғарыу системалары неолит, бронза дәуиринен қалеплесип бизиң күнлеримизге шекем рауажланыу менен бирге инқироз ҳәм экологиялық жағдайларды басынан кеширгенин көрсетеди.

Атап айтқанда археологиялық изертлеулер неолит (жаңа тас дәуири) заманында ақ айрым экологиялық жағдайлар адам турмысына тәсир жасағанын көрсетеди. Мәселенки - Орта Азияның еки дарьясы Амударья ҳам Зарафшан төменги етеклеринде, қадимги бассеини шегераларында жасаушы тарийхый-мәдений жамоа ағзалары материаллық мәдениятқа тән болған өзгешелик белгилери болған. Соның менен қатар шол келбетинде болған Кызыл қум, Устюрт, Қарақум шегералары ҳам олардың сўусыз, қум төбелери (бархан) менен қапланған ишки майданлары ҳамде «Лавлакан нәмгершилиги» деп аталған иқлим фазасы уақтында (эрадан бурынғы 6-4 мың жыллықлар) қәдимги адамлар жасауы ушын қолай климат, тәбий ландшафты комплексли экологик шәриятқа ийе болғанлығы комплексли изертлеулер уақтында мәлим болды.

Бул аймақлар (Амударья ҳам Зарафшан дәриялары дельтасы) алғашқы адамлар менен жеделлик пенен өзлестрилгени археологиялық изертлеулер менен дәлилленди. Ҳауа намгершилиги көплиги себепли булл улкелерде киши табийғый сўу бассеинлери болған. Олардың қирғақларында алғашқы адамлар жасаған. Кызылқумның ишки аимақлары, Устюрт платосында әмелге асырылған археологик изертлеулер булл аимақларда Келтеминар тарийхый- мәдений жамоаларына тийсли болған адамлар жасағанын көрсетеди. Бул адамлар жамоасының мадений корсеткишлери қадимги дарья бойларында жасаған маденияты рауажланыуынан қалыспайды. Олардың мәдений көрсеткишлери бузылмай бизге жетип келген.

---

[67] Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғориш тарихи. Тошкент,1959

Кейин ахамонийлер заманынан соң кушанлар дәуиринде қәдимги егиншилик мәденияты кушли рауажланғанын көрсетеди. Бул жумаққа Я.Ғ.Ғуламов археологиялық естеликлерди изертлеулер нәтийжесинде келген. Оның пикиринше Хорезмде сўғарыу системасының қысқарыуы, анығырағы экологиялық жағдайдың басланыуы III-IV әсирлерге тўра келген. Бул қублыс илимпаздың қорсетиуинше антик-қулшылық системасының ыдрауы, өндирис күшлериндеги дағдарыс, суў захираларының өзгериуи (қараусыз қалған жерлерлердеги каналлардың туйық тебиуи), мргграция ҳам үзликсиз урыс апатларының күшейиуине байланыслы экологиялық машқалалардың келип шыққанын көрсетеди.

Илимпаз пикиринше IV-VI –әсирлер тек Хорезм ушын емес ал Орта Азия жерлери ушында үлкен апатшылық, инқироз дәуири болды. Парфия, Бактрия, Согда, Маргиана мәдениятлары ески қулшылық системаның ыдрауы менен, жаңа феодаллық ҳәкимликлердиң пайда болыу басқышында бөлшеклениулер, шаруа қауимлериниң миграциясы, этник өзгерислер, урыслар булл кризис, экологиялық жағдайларға алып келген.

Академик Я.Ғ.Ғуламов изертлеген мәселелердиң бири бул – орта әсирлердеги Хорезмниң сўғарыу тарийхы болды. Бул басқыштағы сўғарыу тарийхын жазыуда Я.Ғ.Ғуламов көп сандағы жазба дереклерден пайдаланды, соның менен қатар өзиниң 1936-1949 жж. илимий изертлеулерин илимий жол менен байланыстырды.

Монгол басқыншылығына шекем Амударья қуяр жеринде Хорезмшахлар империясы болған (XI-XIII әә). Олар үлкен ирригациялық жумыслар алып барып соның нәтийжесинде бир неше жүзлеген гектар өнимдар жерлерди ашқан, Шөлистан шети менен шегараласқан қорғанлар салған. Хорасан,

Мавереннахр, Дешти-Кыпшақ далаларының ишинде саўда ҳәм стратегиялық жолларды беккемлеў жумысларын алып барған. Бул дәуир қала турмысының гүллениўи, саўда, өнерментшиликтиң раўажланыўы, мәденияттың бас раўажланыўы, улыўмалап айтқанда «Хорезм ренессансы» деп аталған дәуирге тура келеди. Бул Орта Азия, Иран ҳәм Волга бойы жерлериниң көркем өнер мәдениятының тарийхына үлкен тәсир жасаған еди.

Монгол басқыншылығы алдынан Хорезм гүлленип өсиўин даўам етеди. Бул ўақытқа келип ерте орта әсирлердеги қоныслар үлкен қалаларға айланады, қала берсе, бир неше жаңа қалалар ҳәм қоныслар пайда болады. Буған әлбетте Уллы Жипек жолындағы саўда қатнасы үлкен тәсир жасады.

Бул жолды абаданластырыў ушын белги бериў минарасы (сигнальная башня), қорған ҳәм  кишкене фортлардан (қорған) ибарат бир тутас қорған қурылыслары салынады.

Бул шегаралардағы қорғанлардың салыныўы Хорезмниң Түслик-Батыс ҳәм Арқа-Шығыс жағындағы көшпели қәбилелер менен қатнасының шийеленискенинен дерек береди.

Соған қарамастан Хорезм ең күшли феодаллық империяның бири болды.

Оның мәдениятының гүллениўи экономикалық жағдайы жоқарғы дәрежеде еди. Араб саяхатшысы ҳәм географы ал - Якут жерлери ҳәм халқының тығызлығы жағынан Хорезмнен үлкен дүньяда басқа ел болмаса керек деп мағлыўмат береди. Ол жазған: «Олардың барлығы мийнетке үйренген. Олардың қала-базары жоқ аўылы болмаса керек, олар ҳеш нәрседен үрикпей, қорықпай күн кеширеди» - деп Хорезмди сүўретлейди.

Бул мәдений, экономикалық көтерилиу монгол басқыншылығы ўақтында ўайран етилди.

Избе-из Орта Азия қалаларын басып алып киятырған монгол басқыншылары тезирек Хорезмди ҳәм оның пайтахты Ургенчти басып

алыўға асықты. Себеби бул қала Уллы Жипек жолындағы транзит саўда точкасы (нуктасы) еди. Бул қалалар арасында Отрар, Дженд, Сигнак, Бухара қалалары бар еди.

Хорезм пайтахты Ургенч- монгол басқыншыларына күшли қарсылық көрсеткен бирден-бир қала болды.Қала халқының бәри жауға қарсы тик турды. Бирақ Хумар-тегин басшылығындағы жоқарғы қатлам қыянетлик етти. Олар жаудан қорқып қала дәрўазасын ашып берди, ҳәм өз отрядлары менен монголларға қосылды.[68]

Бул сатқынлыққа қарамастан қала халқы жаўға қарсы турыўға куш жыйнап, гүрести даўам етти. Бул жерде орта әсир авторы Ибн ал-Асир қалдырған мағлыўмат қызығыўшылық оятады. Ол былай дейди: «Ерлер, ҳаяллар, ҳәттеки балалар жаўға қарсы гүрести. Олар өзи гүресип, татарлар қала толық басып алғанға шекем барин биримлеп қырып жоқ қылғанға шекем қаланы толық тонап болғанға шекем даўам етти. Соң олар Джейхун суўын иркип турған сағаны ашып жиберди. Суў қаланы басып кетти. Барлық қурылыс, имаратлар бузылды. Барлық жер-суў астында қалды.»[69] Бул ҳаққында жәнеде Персия авторы Джузджанн да жазған еди. Бул еки авторда монголлар қаланы қыйратты деген бир ойды билдиргенин айтып өтиў керек. Бирақ персид авторы олар тек еки, имарат-Күшки-Ахчек ҳәм Мухаммед-Текеш мазарынан-басқасы қыйратылды деп көрсетеди.

Монголлар елди басып алды. Хорезм империясы қулады. Хорезм Миздахкан, Кят, Ургенч ҳәм басқа қалалар жер менен тегислиенди. Халқы болса өлтирилди, қалғанлары тутқынға алынды ҳәм алыс Монголияға экетилди.

Улыума алғанда монголлар басқыншылығы ўақтында бир неше мың гектар өнимдар жерлер қуўрап қалды, шөлистанлыққа айналды. Басқаша айтқанда *экологиялық булгиншилик басланды.* Хорезм империясы монголлар тәрепинен басып алынғаннан кейин оның жерлери Чингизханның еки

[68] Хорезм тарийхы (русша) Ташкент, 1976, 61-бет
[69] Сборник материалов относящиеся по истории, Золотой Орды, т., I, 32-бет

баласына бөлип берилди.[70] Джучи үлесине Хорезмниң Ургенч ҳәм Дарғанға шекемги басқа қалалар тийисти. Шағатайға – Қыят, Хийўа Амударьяның шеп жағасынан Сырдәрьяға шекемги жерлер тийисти.

Биз жоқарыда айтқан Ургеништиң монголлар шабылыуы нәтийжесинде зиян көргенин археологиялық изертлеу ҳамде аэрофото жәрдеминде анализ жасуда да көремиз. Аэро-космик сүретлерде *Ургеништиң Дарьялық тәрепиндеги орта әсир қаласы орынлары қум астында қалғанын көремиз*. Бул монголлардың қаланы сўу басқынынан сақлап турған тарнау – бөгетти монголлар бузғаннан соң қаланы сўў басып дарья Узбой арқалы Сары қамыш, Каспий тәрепке ауысқанын дәлиллейди. Бул өз гезегинде *үлкен экологиялық бүлгиншилике алып келген.*

Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулериниң Гоне-Ургеништеги изертлеулер мағлыуматы бойынша булл қаланың өзи монголлар жүриси уақтында үлкен зиян көрген. Атап айтқанда Таш қала деп аталған маҳәлле аймағында монголлар дәуирине тийисли бузылған диуал, мнаретлер, адам суйеклери, сфероконус қалдықлары табылған[71]. *Бул материаллар Ургеништеги монголлр заманында басланған экологиялық қублыслардың ақыбети болса керек деген болжамлар бар*[72].

Улума, Миздахкан естелигиндеги жаңа изертлеу жумыслары А.Ю.Якубовскийдинг 1930 ж. бул естеликти дереклер ҳәм археологик материала негизинде кртикалық үйренип: «Миздахкан туралы дереклерде Темур жүрислери ҳаққында мағлыумат жоқ», қала- шаҳар турмысы «XVI - асрден баслаб кешки дауирде тохтай баслаган» ҳәм оның негизги себеби «Амударьё суўының өзгериуине байланыслы» деген пикирин тастийқлауға алып келеди[73]. Яғный, булл жерде биз муаллифлердинг, «Амир Темурдың

---

[70] М-Ш.Кдырниязов. Алтын Орда мәденияты. 3-9 бетлер
[71] Тургнев-Амитров А.Г. Раскопки комплекса южных ворот и крепостей стены Та шкалы // ТХАЭЭ.Том.2. М,1958.-С.495.
[72] Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. М,1962.-С.178.
[73] Якубовский Ю.А.Городище Миздахкан.-С.553,557,567.

Хорезмге әскерий жүрислери ўақтында уалаят қалалары ўайран етилген» - деган ноаниқ пикирлерин бийкарлаўға жәрдемлеседи.

Улыума, бул қала XIV-XV- әсир *акырында урыслар себепли емес ал, табий – экологиялық апатшылық, яғный Амударья тармағы Дарьялық сууының Миздахканды айналып, түсликке ауысыуы себепли бул жердеги Курдер, Толып аққан каби каналлардың қурып қалғаны нәтийжеде* өнерментшилик сауда қаласының әсте ақырын сөнип қүм басқанын М.-Ш.Кдырниязов ҳам т.б археологиялық изертлеулери дәлиллейди.

Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулериниң Арал бойы экологиялық машқалаларды үйрениудеги орнын, әҳмийетин басқада мысаллардан көриуге болады.

Хәзирги Еллик қала, беруни районы аймакларында орта әсирлерде Қават қала оазиси жайласқан. Бул үлкен мәдений оазисте ени 2-3 км, узынлығы 15 км. созылған «қадимги егиншилик зонасы» Гавхорэ каналы бойларында болған. XX –ә. орталарына дейин бул жерде Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулери бойынша 8 000 кв.м жайда 90 қорған-қоныс жайласқан. Б.В. Андрианов пикиринше Қават қалаға жақын орынларда (майданы 14 кв.м) өзинде 140 қорған орналасып, адамлар саны торт есеге көбейген. Бул қорғанлар әтрапында егислик майданлары, бағ бақшалар болған. Мәселенки № 2 қорғанның әтрапында 800 х 500 м майданда егис орны жайласты[74]. Бундай егислик майданлары Топрак қала, Кызыл қала әтрапларында ҳам анықланған. Бирақ монгол шабылыуларынан соң Қават қала оазисинде аз майдандағы қорған жайлар жанланған (№ 43 қорған), ал көпшилиги болса «өли» зонаға айналады. Улыума алғанда монголлар шабылыуы уақтында Оң жағадағы Амударья бойларында X-XII

[74] Неразик Е.Е. Сельское жилище Хорезма. М,1976.-С.73.

әсирлерге қарағанда *XIII-XIV- әсирлерде егислик майданлары қысқарған, оларды қум басып экологиялық жағдайдың төменлегени сезиледи. Бундай бүлгиншилик, экологиялық апатшылық орынлары изертлеуши Б.В. Андрианов пикиринше 35 кв. м майданды ийелеген*[75].

Хорезмшахлардын ауыл коныслары хаккындагы тусиникти Каваткала оазисиндеги естеликлер менен, Шеп жагадагы Амударья бойларындагы ауыл жайларынын калдыклары толыктырады. Олардын арасында Айгельди, Даудан, Дарьялык кол, Шехрлик догерегиндеги ауыл коныслары Е.Е.Неразик, О.А.Вишневскаялар тэрепинен изертленген.

Бул жердеде ауыл адамлары негизинен дийханшылык пенен шугылланган. Шахсанем деп аталган кала этрапындагы егиншилик зонасы канал бойларына жайласып 800 га. жерге егин еккен. Бундай егиншилик майданы Замахшар каласы догерегинде - 500 га, Кават-кала № 2 корганы дөгерегинде 800х500 м. майданды ийелеген. Бундай егиншилик зонасы Миздахкан этрапларында да болган. В.Н.Ягодин егиншилик зонасы Коныраt, Шоманай районлары аймакларындагы Томаркул 1-2, Саксаул сай 1-3, Моншаклы, Кетенлер қала - қорганлары догерегинде де болган деген пикирди айтады (1963-ж).

Сонгы дэуирде М.М.Мамбетуллаев, М-Ш.Кдырниязовлар Улкен Айбуйир каласы этрапында Хорезмшахлар хэм Алтын Орда заманына тийсли кен майданга тийсли егиншиликке негизленген ауыл конысларынын калдыкларын аныклаган.

Ауыл адамлары дэн дакыллары менен бирге мийуе даракларын еккен. Дарьялык кол аимагындагы 708-709 археологиялык-топографиялык точкада ауыл корганларындап жузимзарлар орны ашылган. Жузимзарлар жокарыда айтылган Шах Санем каласы этрапындагы Дарьялык кол зонасындагы

---

[75] Андрианов Б.В. Древние оросительные системы Приаралья. М,1966.С.136.

коныcларда ушрасады. Шахсанемдеги колеми 345 х 375 м. болган маиданга баг комплекси орнатылган Олар 16 квадратка болинеди. Ягный ауыл адамлары жузимшилик пенен де шугылланган.

Бул ауыл қонислары орта әсирде Шермен жап каналы арқалы сўўландырылған. Бул канал сағасы Замахшар тәрептен басланып ғяур қалаға шекем озылған. Каал ени 7 - 35 м. узынлығы бир неше онлаған километрге (100 км) созылған. Бул канал бойлап Шах Санем, Куюса кала, Кызылча қала, Қаз қала усаған қала мәдениятының излери болған. Бул жерде канал ҳәм шығырлар жәрдеминде 10 – 12 мың гектар майданда егиншилик болған.

Бирак бундай егиншилик мәденияты монголлардың бүлгиншилиги себепли экологиялық дағдарысқа ушрайды. Атап айтқанда монголлар заманындағы экологиялық бүлгиншиликке байланыслы қум барханларына айналып, каналлар изи көмилип ырашлықларға өткен.

Деген менен Хорезм оазиси халықлары монголлар бүлгиншилиги, экологиялық апатшылыққа марданабар гүрес алып барды. XIII-XIV әа. (Алтын Орда заманы) арқа – батыс оазис жерлеринде, атап айтқанда Даудан, Дарьялық бойларында жаңа каналлар қазылды, сўғарыу системалары қурылды. Солардың бири XIV әсирлерден XIX – әсирге дейин ҳәрекетте болған «Шамурат» каналы болған. Оның улыума узынлығы Дарьялықтан саға алып (Кандум қала жанында) Туз қырға дейин 75-80 км жетеди. Оның аяғында Яр бекир қаласы жайласты. Шамурат каналының улума ени 30 м, ал ырашлар арасы 15 м. жетеди.

Бундай сўғарыу системасы Арқа Дауданнан, Дарьялықтан сўў алған Ургениш, Шемаха қала, Вазир (Дау-кескен) әтрапларында ҳәм ушрасады. Булардан тысқары майда, ири каналлар, қоршалмаған ауыл-қонислар, бау бақша орынлары, Сарыкамышқа дейинги аралықта ушрасады.[76]

Бирақ монголлар үстемлигинен кейин суу таңқыслығы егислик майданларың кысқарыуына алып келген. Бул архео-топографиялық

---

[76] Андрианов Б.В. Древние оросительные системы Приаралья. М,1966.С.211.

изертлеулер нәтийжесинде анық билинеди. Жетиспеген сӳӳды адамлар шығыр, тарнау жәрдеминде көтерип, майда, қыйтақ атызлар жәрдеминде дийханшылық еткен. Шығырлар хаузлардан сӳды атызлариға шыгарған. Шығыр гузелери сынықлары, хаузлар (диаметри 6 х 6; 10 х 15 м) Туз қыр, Даудан, Дарьялық бойларындағы орынларда көплеп ушрасады.

Монголлардың сӳғарыу системаларына зияны бир жағынан сӳӳ танқыслығына алып келген болса, екинши тәрепинен айрым районларда сӳӳ басыуларга алып келди. Арқә Дауданның айрым жерлеринде – Гоше хавуз, Казанлы аулия сӳӳ басыулардан кейин шорланыу процессии күшейген. Булда экологиялық кризистиң көрниси есапланылады.

Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулериниң  Арал бойы экологиялық машқалаларды үйрениудеги орнын биз экспедиция тәрепинен изертленген  Сырдарьяның төменги алабындағы жерлер арқалыда үйрениуге болады. Шығыс Арал бойларында бул жерде 2,5 млн га жерлерде бүгинге дейин ески сӳӳғарыу каналлары, ауыл қоныслары, қорған, қалалар, мазарлар ушрасады. Бирақ булл аймақтың тек ғана 100 мың гектар майданы ғана мәдений оазис деп мойынланады.

Бул аймақты аэрофото-космос, жерден комплексли изертлеулер қәдимги гидрографикалық жағдайды тиклеуге жәрдемлеседи. Бул аймақта Сырдарьядан сағa алған Жаңа дарья, Куван дарья ҳам Инкар дарья усаған мәдений зонаны анықлаўға мүмкиншилик береди.

Усы жерлерде э.б. 1 мың жыллықтың 2 – ярымынан ақ көшпели бронза қауимлериниң мәканы болған. Олардың естеликлери 70 аслам курган – мазар жәрдеминде изертленилди. Олар Такискен курганлары аты менен кеңнен мәлим. Эрамыздан бурынғы IX-VIII – әсирлерге тийсли бул жерлерден түсликте Уйгарак курганлары (э.б. VI-V- әсирлер) жайласқан[77].

Орта әсирлерде (IX-XVI –әә.) томенги, орта Сырдарья бойларында кушли қала мәденияты рауажланған. Оларға Асанас, Дженд Жанакент,

[77] Вишневская О.А. Культура сакских племен Низовьев Сырдарьи в VII-V вв. до

кескен куик кала, Сарлы там, Бештам қала усаған етеликлер жатады[78]. Олар әтрапларындағы ески каналлар, сүүгарыу системалары орынлары бул жердеги адамлар тәбият ынжықларына қарсы ғуресе билгенин көрсетеди.

Бул жағдайды усы жердеги қарақалпақ халқының естеликлериненде көриуге болады.

Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулери XVII – X1X -әсир басларына тийсли экологиялық жағдайларға байланыслы отырықшы – дийхан хожалығына тән болған қарақалпақ ауыллары орынларын изертлеген.

Бул аймақта қарақалпақлардың негизги топары жасап, булл XVII – XVIII әсирге тўра келеди. Бул жерлерди қарақалпақ халық ауыз еки тарийхнамасында Туркестан деп атайды. Сырдарья бойы қарақалпақлары 1680- 1718 –жж. казах ханы Таукеге вассаль болган. Петр 1 жазган хабарларында Ф.Скибин, М.Трошин қарақалпақлар негизинен егиншилик пенен шуғылланғаны айтылады. Сўўғарып егилетуғын жерлерге булл халық қауын, қабақ, бийдай, тары т.б өндирген.

1723 – 1725 – жж. жунғарлардың Орта Азияға топылыслары ўақтында олар Орта Сырдарья бойларына көшип жаңа қонысларды өзлестиреди. Бул халық Жаңа дарья, Инкар дарья, Куван дарья бойларында ауыл, қалалар ҳәм ирригациялық қурлысмлар (тарнау, бөгет, каналлар, хауыз, шығыр орынлары) қурған. Олардан Орынбай қала, Сарлы там, Ширик рабат, Бабиш мола, Маилы өзек, Бузык қала, Хатын (Хожа Нияз кала) I, II, III деп аталған қорған – бекинислерди қўрған[79]. Усы жердеги Кылы деп аталған сайлық әтрапындағы қарақалпақлардың мәдений зонасынын өзи арқадан түсликке 25 – 30 км созылып, оның ени 5 – 10 км ийелейди.

Улыума алғанда, бул аймақтағы Хорезм археологиялық экспедициясы археолого - топографиялық изертлеулери тарийхый – этнографиялық (Т.А.Жданко, Б.В.Андрианов, Л.С.Толстова) негиздеги изертлеулерди толықтырады. Соның менен қатар бул изертлеулер Арал бойына тән болған

---

Н.э. (по материалам Уйгарак)// ТХАЭЭ. Том.VIII. М,1973.

[78] Толстов С.П. по древним дельтам Окса и Яксарта. М,1962.-С.179-187.

**[79] Толстов С.П. по древним дельтам Окса и Яксарта. М,1962.-С. 314.**

экологиялық машқалаларды да үйрениуде материаллар береди. Буны биз жоқарыда келтирген археологиялық – этнографиялық изертлеулер нәтийжелеринен көргендей болдық.

Бул изертлеулер бойынша усы жердеги *қарақалпақлардың егиншилик, қала мәденияты Жаңа дарья, Инкар дарья, Куван дарья сўўларының тартылып кетип экологиялық жағдайың шийеленисиуинен кризиске ушраганы дәлилленген.*

Әлбетте Хорезм археологиялық экспедициясы изертлеулерин, оның мийрасын теренрек изертлесек Арал бойы экологиялық жағдайларының тереңтамырлары қайсы дәуирге байланыслы екенин анықлауда қосымша материалар болады.

Бирақ Арал бойы, Хорезм мәдениятын үйрениўде еледе болса сөз етилмеген мәселелер баршылық. Бул мэселелер қатарында элбетте елат қалаларына Уллы Жипек жолының тэсирин айтыў керек.

## III. 2. Арал кризиси ҳәм археo-этно экология

XX - әсирге келип қәдимги хорезмликлер, қарақалпақлар жасап келген Арал бойларында экологиялық кризис бурынғыдан да бетер билине баслады. Сўў таңсықлығына байланыслы теңиздиң қурғауы жергиликли хәм дүнья жәмийетшилигинде үлкен тынышсызландырыуды пайда етпекте. Теңиз сууының кейин шегиниуи, Амударья, Сырдарья бассеинилерине сўўдың аз жетиуи дүнья ҳәм жәмийетшилигинде үлкен тынышсызландырыулар пайда етпекте. Орта Азия республикалары басшылары Арал тағдирине ғамҳорлықлар жасамақта. Улыума Арал әтрапы ландшафты, халықлары тарийхына қызығыушылық күшейди. Бул тосыннан емес.

Себеби, *Арал кризиси дүнья жүзлик глобал экологиялық мәселеге айналмақта*. Соңғы 45 жыл ишинде теңиздеги сўўдың қәлпи 1,7 есеге азайды, сўў көлеми 9,6 есеге кемиди, акватория майданы да 3,8 есе пәсейди. Ал, сўў қурамындағы дуздың муғдары 6-12 есе көбейди. Теңиз жағадан 100 –

150 км кейин шегинди, 45 мың кв.м теңиз түби ашылды. Нәтийжеде дузлы қум атмосфераға 75 млн. тонна токсикалық моддаларға бай дуз ҳәм шаңды шығарып ушырмақта. Кушли дауыллар менен көтерилген дуз ҳәм шаң шөгиндилери узынлығы 200 – 400 км, ени 30 – 40 км шаң – тозаң түринде республика аймақлаына тарамақта, топрақ қатламын дузландырып, егиншилик хәм инсан денсаулығына үлкен экологиялық зиян тийгизбекте.

Нәтийжеде Арал бассейниндеги сүўғарып егилетуғын егис маданының 60 % дузланған. Бул биологиялық өзгерислерге, климаттың жаман тәрепке ауысыуына алып келмекте. Нәтийжеде Арал бойы жерлеринде тәбийғый – климат балансы бузылған. Буны хауа райы температурасынан да бақлауға болады. Январь айында сүўық  - 50 - 60 гр. июльда + 48-50 гр. жетпекте. Улыума Арал әтрапындағы жерлерде ыссылық пәсейип ерте қырау түсиу жағдайларыда сезилмекте.

Буннан басқа Арал әтрапында 30 мың гектар жер батпақлыққа, дузлы көллерге айналды. Оларда камыс, жекен ғана өседи. Бул әлбетте егислик майданларынада зиян тийгизип «цивилизациялық» өнимдарлыққа тәсир етпекте.

Улыума алғанда Арал кризиси, экологиялық жағдайдың төменлеуи халық хожалығы ғана емес ал адамзат денсаулығына зиян тийгизиу менен қатар қәдимги ата бабалардан қалған тарийхый мийрас археологиялық хәм архитектуралық естеликлерге де үлкен зиян тийгизбекте. Егис майданларының көбейуи, пахтадан көп өним аламыз деп дийханшылық балансын сақламау, естеликлер жанынан арық, каналлар өткериу, ауысқан сүў захираларын өз бетинше ағызып қойыу, оның үстине Арал қүмлары, дузларының ушып келиуи тарийхый естеликлрдиңде бүлиниуине алып келмекте.

Бундай кризислер қәдимги дәуирлерде де болып турған. ХАЭЭ изертлеулери бойынша Амударья өз аңғарын бир неше мәрте өзгерткен.

III-баб жўкмақлары.

Қәдимги Түслик Арал бойы жерлери Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм уалаяты жерлери цивилизация ошақларының бири сыпатында XX – әсир тарийх, археo-этно изертлеулерде кеңнен орын алды. Үлкемиздеги цивилизация тарийхын ашқан С.П.Толстов басшылығындағы Хорезм архее-этнографиялық экспедиция хызметкерлери (Т.А.Жданко, Б.В.Андрианов хәм олардың шәкиртлери) бул жердеги халықтың курған қалалары, сўғарыу системасы, егиншилик мәденияты, өнерментшилиги, күн – көрис дәрежеси, этно мәденияты жөнинде илимий мийнетлер жазды. Бул изертлеулерде үлкемизде қәдим заманнан жасаған халықтың өзине тән этно маденияты заманына сай рауажланғанын дәлиллеп бериу менен бирге экологиялық жағдайларды үйрениуге жәрдемлести.

Улыума алғанда Қубла Арал бойы үлкесиндеги археo-этно изертлеулер Кердер халқы VI-VIII әсирде ҳәм IX-XI әсирде экaномикалық, мәдений, саўда тараўда раўажланыўы менен бирге экологиялық жағдайлардың болғанын көрсетеди. Соның менен Арал аймағындағы Түркий қәуимлердиң IX-XI әсирде үш мәртебе «тасқын болып» көшиўлери (миграциясы) өткен, бул мәселеде археологиялық материаллар факт ҳәм аргументлер береди.

Үлкемиздиң археo-этно экологиялық жағдайын изертлеу Өзбекистан Республикасының ғарезсизлик алғаннан соңғы дәуирде кеңнен ен жайды. Бул изертлеулер негизинде өтмиштеги тарийхый қублысларды жаңа ғарезсизлик ғоясы көз қарасынан баҳалаў жолға қойылды. Бурыңғы изертлеулер менен қатар жаңа археo-этно экологиялық изертлеулер шөлкемлестирилди.

## Жуумақлаў

Қәдимги Түслик Арал бойы жерлери Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм уалаяты жерлери цивилизация ошақларының бири сыпатында ХХ – әсир тарийх, архео-этно изертлеулерде кеңнен орын алды. Бул үлкемиздеги цивилизация тарийхын ашқан С.П.Толстов басшылығындағы Хорезм архее-этнографиялық экспедиция хызметкерлери (Т.А.Жданко, Б.В.Андрианов хәм олардың шәкиртлери) бул жердеги халықтың курған қалалары, сўғарыу системасы, егиншилик мәденияты, өнерментшилиги, күн – көрис дәрежеси, этно мәденияты жөнинде илимий мийнетлер жазды. Бул изертлеулерде үлкемизде қәдим заманнан жасаған халықтың өзине тән этно маденияты заманына сай рауажланғанын дәлиллеп берди. Өтмиш заманның барлық басқышларында антропоген, эколгиялық жағдайлар аридлик (шөл) процессин күшейткен.

Аэро-космик сүретлерде *Ургеништиң Дарьялық тәрепиндеги орта әсир қаласы орынлары қум астында қалғанын көремиз*. Бул монголлардың қаланы сўу басқынынан сақлап турған тарнау – бөгетти монголлар бузғаннан соң қаланы сўў басып дарья Узбой арқалы Сары қамыш, Каспий тәрепке ауысқанын дәлиллейди. Бул өз гезегинде *үлкен экологиялық бүлгиншилике алып келген.*

Бул процесс ХХ-ә. 60-70 жылларынан баслап қайталанып отыр. Усыған байланыслы биз магистрлик диссертациямызда үлкемиздиң архео-этно экологиялық тарийхын анализ жасаүға ҳәрекет еттик.

Арал теңизинде суў қәддиниң пәсейүи Амударья бассеининдеги экологиялық жағдайларға анализ жасауға ҳәрекет еттик. Улкемиздеги архео-этник экологиялық машқалаларды шешиуде отмиш тарийх баскышларын изертлеулер жәрдем береди. Бул изертлеулер Хорезм археологиялық – этнографиялық экспедициясы, Өзбекистан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими изертлеушилери менен қатар басқада үлкемиз этнографиясы, экологиясы, географиясы, тили, экономикасы, топономикасы

жағдайлары тарийхын изертлеушилери мийнетлеринен мағлыумат алыүға болады.

1952-жылы Хорезм экспедициясының мийнетлериниң биринши томы баспадан шықты. Онда бул экспедицияның 1945-1948- жыллар аралығында ислеген жумыслары жуўмақланған. усы топламның екенши бөлиминде этнографиялық жумыслардың жуўмақларын берген. Усы топламда М.В.Сазонованың, К.Л.Задыхинаның, Г.П.Васильеваның мийнетлери басылып шыққан. бул жумысларда сол халықлардың этнографиясы менен қатар Хорезм оазисиндеги халықлардың соның ишинде қарақалпақлардыңда 1917-жылға дейинги өз-ара қатнасықлары сөз етиледи.

Тарийхты изертлеўде мемуарлардың да тарийхый дерек сыпатында әҳмийети оғада үлкен, ҳәр қандай тарийхый дереклер болып өткен тарийхый қубылыс ҳаққында белгили бир муғдардағы мағлыўматларды өзинде сақлап келеди. Жазба естеликлер,архив материаллары, статистикалық мағлыўматлар болып өткен уақыя ҳаққында сырттан қапталдан турып баҳа беретуғын болса мемуарлық әдебиятлар болып өткен қубылыстың гуўасы тиккелей уақыя қатнасыўшы тәрепинен уақыяның ишинен баҳа береди.

Сонлықтанда мемуарлар болып өткен қубылыстың әсиресе суъбектив тәреплерин ўақыя қатнасыўшыларының психологиясын сол дәўирдеги жәмийетлик сананы ашып бериўде баҳалы мағлыўматлар болады. Сонлықтанда ҳәр қандай тарийхый қубылыстың бир пүтин картинасын шығарыўда ҳәм оны жәмийетлик сана менен байланысын ашып бериўде басқа тарийхый дереклерди толықтырады.

Қарақалпақстаның совет дәўирлердеги тарийхын изертлеўде оғада бай информатив мемуарлық әдебиятлар көплеп ушырасады. Бундай әдебиятлар сол дәўирдеги жүзеге келген сиясий қубылыслардың қатнасыўшылары тәрепинен ўақыяның қалай болып өткенлиги ҳаққында баянламасының баҳасын берген еске түсириўлер формасында пайда болған прозалық шығармалар формасында пайда болған тийкарынан бундай әдебиятлар

халықтың турмысына үлкен тәсир жасайтуғын ири тарийхый ўақыяларға байланыслы пайда болады.

Қарақалпақстаның Совет дәўири тарийхына байланыслы мемуарлық әдебиятлардағы сәўлеленген материалларды анализлей отырып, бундай әдебиятларды төмендегише классфикациялауға болады:

Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметиниң орнатылыўы ҳәм пуқаралық урыс ҳаққындағы мемуарлар. Бунда тилекке қарсы болып өткен тарийхый қубылысларда қатнасыўшы қарама-қарсы тәреплердиң тек бир тәрепиниң позициясын__пропоғандалаған ҳәм бул әдебиятлар сол пайда болған дәўирдеги үстемлик етиўши идеологиялық түсиринде жазылып өзлериниң информатив потенциалын азайтқан , қарсыласлардын екинши тәрепиниң көз қарасынан жазылып қалдырылған мемуарлық әдебиятлар тилекке қарсы жазып қалдырылмаған ямаса бар екенлиги бизге белгисиз. Еске түсириулер төмендегише болып бөлинеди. Бул әдебиятлардағы мағлыуматлар ХХ-ә. 60-70- жж. басланған Арал апаты, экологиялық турақсызлығынын күшейиу жағдайларын анализлеуге жәрдемлеседи.

Екинши дунья жүзлик урыс фашизмди қыйратыў ҳаққында мемуарлар. Екинши дунья жүзлик урыс жылларында Қарақалпақстандағы халықтың қаҳарманлық ерлиги ҳаққында. Урыстан соңғы жыллардағы халық хожалығын қайта тиклеў ҳаққындағы мемуарлар. 1960-1980-жыллардағы жәмийетлик турмысқа ҳәм сол дәўирдеги шахслар ҳаққында мемуарлар. Пахта өндириси ҳәм пахта иси менен байланыслы мемуарлар.

Үлкемиздиң архео-этно экологиялық жағдайын изертлеу *Өзбекистан Республикасының ғарезсизлик алғаннан соңғы дәуирде* кеңнен ен жайды. Бул изертлеулер негизинде өтмиштеги тарийхый қублысларды жаңа ғарезсизлик ғоясы көз қарасынан баҳалаў жолға қойылды. Бурыңгы изертлеулер менен қатар жаңа архео-этно экологиялық изертлеулер шөлкемлестирилди. Атап айтқанда , басшылары А.Беттс (Сидней), В.Н.Ягодин (Нөкис) болған «Қаракалпақ – Австралия археологиялық

экспедициясы»ның Ташқырман, Ахшахан естеликлериндеги архео изертлеулерине тоқтап өтиумиз керек. Бул экспедиция 15 жыл дауамында Беруни районы аймағындағы қәдимги Хорезм цивилизациясының пайтахт орынларын (қала, сыйыныу орайы) изертледи. Ахшахан, Ташқырман естелигиниң инқиразға ушрау себебин, яғный экологик жағдайын да тиклеуге архео изертлеулер жәрдемлеспекте.

Улыўма, Қарақалпақстан тарийхы ҳаққында мемуарлық әдебиятларда көплеген баҳалы дереклер сақланған, бундағы фактологиялық материаллар архив хүжжетлеринде статистикалық материаллардағы мағлыўматларды толықтырыўшы мақуллаўшы анықлық киргизиўши жәрдемши тарийхый дерек сыпатында пайдаланылса ал сол қубылысқа қатнасыўшылардың рухый жағдайын жәмийетлик санасын психологиялық жағдайларын анықлаўда тийкарғы тарийхый дерек сыпатында әҳмийетке ийе болады.

Архео-этно экологиялық изертлеулерде Қубла Арал бойы Түркий қәўимлери VII-XIII әсир басында этномәдений, этносиясий, этноэкологиялық тарийхы бойынша археологлар пикири дыққатқа ылайық. Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья алабындағы Огуз ҳәм Кердер халқы (IX-XI әсирлерде) этноэкономикалық ҳәм этномәдений өсиўшилик болған, лекин жаңа миграциялық толқынлардың пайда болыўы, жаўгершилик ақыбетинен, жергиликли халық бөлеги қоныс өзгертиўге мәжбүр болған. XI-XII-әсирлерде Кердер-Лгуз қәўимлери Үстюрт етегине, Арқа-Батыс Хорезм шегарасы, Арал Каспий аралығына миграция болған. Арал бойында IX-XI әсирлерде Огуз-Яғбу, Огуз-Қытаған, Қарлуқ Ябғу, Қанрар-Ябгуллардың микротопарлары болган. Қубла Арал бойоарында наўкарда, Мадияр (Венгер) Башқурт қәўимлери миграцияда Шығыс Европаға қарай қоныс аўдарды. 1064 жылы Арқа Өзбекстан аймағында «Үстемлик» Қыпшақларға өткен. Қыпшақларды сол дәўирде Куман, Половец, Комоны, Қарақыпшақ ҳәм тағы басқаша атаған. XI-XII әсирде Қубла Арал, Сырдәрья бойында Қыпшақлар ийелеген мәкан жайлар биригип Қорған қалалар, Жаңакент, Сығнақ, Сузақ,

Отрар ҳәм тағы басқа қәлиплести. Арал бойындағы ески «Арий» халық Қонгар - Қанглы топарлар Қыпшақларға араласып «изсиз» жоқ болды. Арқа регион барлық руў қәўимлер сиясий ҳәм әскерий бирлеспе 92 баўлы Қыпшақлар болды, олардың ураны «Тоқсоба» болғна. Қыпшақлар дәстаны «Қоблан» да этномәдений тарийх өз сәўлесин тапқаны мәлим. Солай етип, орта әсирде Түркий қәўимлер Қарлуқ ҳәм Қыпшақлардың Арал бойы этномәдениятында орны бары анық.

Қубла-Шыгыс Арал бойларына Түркий қәўимлердиң шиўи ҳәм қонысласыўы, олардың этномәденияты бойынша археологЕ.Е.Неразик тәрепинен дыққат бөлинди. Ол Арал бойында Огузлар жасаған, оларды Қытайла, «Гэса» дейди. Қубла Арал бойларына VI-VIII әсирлерде Түркий қәўимлер шиўлери болған, Лейкин олардың материаллық затлары регионнан табылмағанын жазды. Әмиўдәрья алабында Қубла таў, Қанга қала қәбиристаннан антропомгиялық бас сүйеклер изертленген, булар «деформациялы» (бас сүйек сопақ болып, жасалмалы өсирилгени анықланды) болып келгени мәлим. Сырдәрья бойындағы «Жети асар» мәканы ерте орта әсирдеги Түркий қәўимлер Әмиўдәрья алабында миграцияда келгени мәлим. Булардың қоныс басқанын керамикалары уқсаслығы, бас сүйеклери уқсаслығыны қарап болжаў болды. Қытай жылнамасында Хорезмниң шегара жеринде «Гэса» (Огуз) қәўимлериниң тарийхый географиясы рсетилгени мәлим. «Қарақалпақстанның Қубла аймағында Якка парсан» қаласынан VIII әсирге тән арба табылды. Ени 1,7 м, узынлығы-110 м, Түркий қәўим арбасы (VI-VIII әсирлер) нда дөңгелек (спицлери) тиреп берди ағашлары 24-25 болғаны анықланды. Хорезм аймағында Саўдагерлер арбалы (спици п дөңгелекте) ел журт аралап саўда ислерин жүргизген. Жекке Парсаннан табылған «Түркий усылдағы дөңгелекли арба» ның табылыўы, буле рте орта әсирдеги Үйғырлардың орны, қатнасы болған деген болжаў береди.

Улыума алғанда, бул аймақтағы этно-мәдений, тарийхый, экологиялық жағдайларды (Арал бойы, Хорезм уалаяты, Қарақалпакстан Республикасы жерлери) Хорезм археологиялық экспедициясы археолого - топографиялық изертлеулери тарийхый – этнографиялық (Т.А.Жданко, Б.В.Андрианов, Л.С.Толстова т.б) негиздеги изертлеулерди толықтырады. Соның менен қатар бул изертлеулер Арал бойына тән болған экологиялық машқалаларды да үйрениуде материаллар береди. Буны биз жоқарыда келтирген археологиялық – этнографиялық изертлеулер нәтийжелеринен көргендей болдық.

Бул изертлеулер бойынша Орта әсир, Жаңа дәуирде, усы жердеги қарақалпақлардың егиншилик, қала мәденияты Жаңа дарья, Инкар дарья, Куван дарья сүўларының тартылып кетип экологиялық жағдайIың шийеленисиуинен кризиске ушрағаны дәлилленген. Соның менен қатар айрым қублыслар мәселен үрп-әдет, өнерментшиликте дәстурий күн-көрис дәрежеси менен трансформациялық жағдайлар, инновация (жаңа өзгерислер) болғанын көремиз.

# ПАЙДАЛАНҒАН АДЕБИЯТЛАР

## I.Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлери

1.Каримов И.А.Хива шахрининг 2500 йиллигига боғишланган тантанали маросимдаги табрик сузи./Асарлар 6-жилд. Ташкент,1998.-375 б.

2.Каримов И.А. Новое мышление - требование времени // Вести Каракалпакстана 1999, 7 декабрь.

## II. Илимий әдебиятлар.

3.Андрианов Б.В.. Архивы А.Л.Куна.// Советская этнография. 1951. №2, с.149-155.

4. Андрианов Б.В. Этническая история каракалпаков в Северном Хорезме.// ТХАЭЭ АН СССР, Том. 2. 1958.

5.Андрианов Б.В. Ак-джагыз (К истории формирования современной этнической территории каракалпаков в низовьев Амударьи)// ТХАЭЭ. Том.1. Москва,1952.

6.Андрианов Б.В. Древние оросительные системы Приаралья. М,1966.С.136.

7.Базарбаев Ж, Базарбаев Р.Ж. С.П.Толстов и этногенез Каракалпакского народа. Вестник ККО АН Руз.2008. № 1.

8.Базарбаев Ж, Хужаниязов Г, Базарбаев Р. Амударье бойларындағы зардуштийлик излери. Нокис,2008.

9.Баллиева Руза. Каракалпакский этнос и традиционныое природоиспользование/ Автереферат диссерт. на соиск. учен. степени доктора ист. Наук. М.,2003.

10.Биллиева Р. Этнокультурные особенности природоиспользования народов Приаралья (в конце XIX - начале XX века). Москва, 2003.

11.Бетс А, Ягодин В.Н, Хожаниязов Г, Кидд Ф, Амиров Ш, Искендерова А. Археологические исследования на городище Акшахан (Казакли чятган)//

Археологические исследования в Узбекистане 2004-2005 гг. Ташкент: Фан,2006.

12.Брегель Ю.Э. Документы архива Хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. М.1967.

13.Брегель Ю. Архивные материалы Хивинского ханства. – Москва,1967 .

14.Брегель Ю.Э. Архив хивинских ханов// Журнал. Народы Азии и Африки 1966, №1.

15.Вактурская Н.Н.,Вишневская О.А. Памятники Великих Хорезмшахов// Материалы Хорезмской экспедиции. вып.1.М.1963.

16.Васильева Г.П. Итоги работы Туркменского отряда Хорезмской экспедиции за 1948 г.// Труды ХАЭЭ.Том.1. М.,1952.

17.Вишневская О.А. Культура сакских племен Низовьев Сырдарьи в VII-V вв. до н.э. (по материалам Уйгарак)// ТХАЭЭ. Том.VIII. М,1973.

18.Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғорииш тарихи. Тошкент,1959

19.Гафуров Б.Г. Тожиклар. Том 1., Душанбе, 1989 й.

20.Гудкова А.В. Ток кала. Ташкент,1964;

21.Даниёров А.Х.Политическая конъюктура и научная этнография (К вопросу о влиянии политических моментов на научно-исследовательскую деятельность этнаграфов).// Вестник ККО АН РУз. Нукус,2003, № 1-2.

22.Данияров А.Х. Развитие этнографических знаний в первые века десятилетия XX века.// Вестник ККО АН РУз. 2004.№ 1-2.

23.Есбергенов Х, Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре. Ташкент,1989.

24.Есбергенов Х. Қоңырат тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. Нокис,1993.

25.Жалилов О.. XIX-XX аср бошларидаги қорақалпоқлар тарихига оид мухим ҳужжатлар. Т. 1977.

26.Жданко Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса// ТХАЭЭ.Том.1.М.,1952.

Жданко Т.А. Изучение народного орнаментального исскуства каракалпаков// ТХАЭЭ. Т.3.
27.Жданко Т.А. Быт колхозников преселенцев на вновь освоенных землях древного орошения каракалпаков //ТХАЭЭ.Том.2.
28.Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи// Труды ХАЭЭ.Том.1.
29.Кабиров Ж, Сагдуллаев А. Урта Осиё археологияси. Тошкент, 1990.
30.Камалов С. К. Новые данное о Кунградском восстании 1858-1859 гг. // Вестник КК ФАН УзССР 1965, №1.
31.Камалов С.К. Подлинные исторические документы о восстании каракалпаков 1855-1856 гг. против хивинских ханов // Вестник КК ФАН УзССР, 1964, №4.
32.Камалов С.К., Бердиев Ж.Т. О миграционных процессах в истории каракалпаков (Х111-Х1Х вв.). Вестник ККО АН РУз.2000. № 3. 65 б.
33.Каримов Г, Долимов С. Огахий-тарийхшы. ТОшкент,1977.
Мухаммед Риза Мираб Ерниёзбек уғлы Огаҳий. Том 5. Ташкент, 1978.
34.М-Ш.Кдырниязов. Алтын Орда ҳәм Түслик Арал бойы мәденияты. Нокис,1993.
35.Кдырниязов М.-Ш. Хорезмниң орта әсир қалалары бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеулер. Нокис,1995.
36.Косбергенов Р.К. Положение Каракалпакского население в Хивинском Ханстве в конце XIX начале XX вв. -Нукус,1958;
37. Косбергенов Р.К. Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы. Нокис,1972.
38. Огаҳий. Мухаммед Риза Мираб Ерниёзбек уғлы Огаҳий. Том 5. Ташкент, 1978.
39. Кой крилган қала. Москва, 1967 (рус тилинде).
40.Мамбетов К Қарақалпақлар тарийхы,Нокис,1990.
41.Мамбетов К.Тарийх төркинлери.Нокис 1989.
42. Мамбетов К.Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. Нокис,1995.
43.Мамбетуллаев М.М., Ходжайов Т.К. Раннесредневековый некрополь Куюк кала. Москва,2008.

44.Материалы Хорезской экспедиции. Вып. 4. Москва,1959.
45. Национальный доклад о состоянии окружающей среды и использовании природных ресурсов в Республике Узбекистан (1988-2007). Ташкент, 2008.
46. Неразик Е.Е. Сельское жилище Хорезма (1-Х1У вв.). М.,1976.-255 б.
47.Сазонова М.В. К этнографии узбеков Южного Хорезма// Труды ХАЭЭ. Том.1. М,1952.
48.Сборник материалов относящиеся по истории, Золотой Орды, т., I, СПб, 1884.
49.Тереножкин А.И. Жилые постройки КАССР в Х1-Х11 вв.//Известия УзФАН. Вып.7.Ташкент,1940.
Толстов С.П.. Древний Хорезм. М., 1948.
50.Толстов С. П. По следам древнехорезмской цивилизаций, М., 1948.
51.Толстов С.П. Қадими Хоразм маданияти излаб. Тошкент,1967;
52.Толстова Л.С. Из истории ферганских каракалпаков». Нукус, 1975

53.Толстова Л.С.. Материалы по этнографий ферганских каракалпаков».// Краткое сообщение Института этнографии АН СССР. Вып XXI,;

54.Толстова Л.С.. Каракалпаки Ферганской долины (историко–этнографический очерк. Нукус 1959.

55.Толстова Л.С. «Этническая группа «Каракалпак» в составе узбеков Самаркандской области»// ВКФ АН УзССР 1960 № 2;

56.Толстова Л.С. «Некоторые сведения о каракалпаках Бухарской области». ВКФ АН УзССР № 6, 1966.

57.Толстова Л.С. «Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса в XIX и начале XX в». Нукус-Ташкент 1963.

58. Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТХАЭЭ). Том I. М.,1952.

59.Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТХАЭЭ). Том. II. М.,1958.

60.Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТХАЭЭ). Том. III. М.,1959.

61.Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТХАЭЭ). Том. IV. М.,1959.

62.Тургенев-Амитров А.Г. Раскопки комплекса южных ворот и крепостей стены Та шкалы // ТХАЭЭ. Том.2. М,1958.

63.Ҳамидов Ҳ.Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери.-Нөкис 1985.

64.Этническая история и традиционная культура народов Средней Азии и Казакстана. Топлам. Нукус, 1989.

65.Юсупов О. П.П.Ивановтың архиви. Әмиудәрья журналы. Нокис, 1986, №2.

66.Юсупов О. Қыпшақ Ережеп бий Аға-Баба. Нөкис: «Арман», 1992.

67.Файзуллаев О. Шымбай легенда ҳәм изертлениулерде .-Нөкис 1993.

68. Ҳамидов Ҳ.Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери.-Нөкис 1985.

69. Хорезм тарийхы (русша) Ташкент, 1976.

70.Ягодин В.Н.. Антропология и культура Кердер, Ташкент,1970;

71.Якубовский А.Ю. «Развалины Ургенча»-Ургениш карабаханалары// Известия ГАИМК, Т.8,1930;

72. Якубовский А.Ю. Городище Миздахкан.// ЗКВ. Том.V.1930.

73. Ярхо А.И. Антропологический тип каракалпаков// Труды ХАЭЭ (ТХАЭЭ). Том.1. М.,1952.-С.585.